

Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur

Buku Siswa

Tantri Basa

Adhedhasar Pergub Jatim No. 19 Taun 2014
Muatan Lokal Bahasa Daerah
Provinsi Jawa Timur
Lan KTSP 2013

Tim Panyusun
Dra. Mistiyah, M.M.Pd.
Drs. Davit Harijono, M.Pd.
Dra. Sri Astuti
Drs. Akhmad Winarto

Kelas 5

Tim Penyelia
Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S
Drs. Sukarman, M.Si

Tantri Basa

Tim Penyusun:
Dra. Mistiyah, M.M.Pd.
Drs. Davit Harijono, M.Pd
Dra. Sri Astuti
Drs. Akhmad Winarto

Editor/Penyelia : Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.
Drs. Bambang Purnomo, M.S.
Drs. Sukarman M.Si.

Desain/Lay Out : Latif Nur Hasan, S.Pd, M.Pd
Desain/Lay Out cover: Rahmat Santosa, S.Pd. M.M.
Penerbit : Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur
Isi : xi, 153 hal

ISBN : 978-602-404-016-1 *(no.jil.lengkap)*
ISBN : 978-602-404-026-0 *(jil.5)*

KATA PENGANTAR

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA TIMUR

Alhamdulillah buku “**Tantri Basa**” sudah selesai disusun dan diterbitkan. Buku ini disusun dengan berpedoman pada Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 tentang Mata Pelajaran Bahasa Daerah sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/Madrasah. Pergub tersebut memberikan pegangan hukum yang kuat bagi guru-guru untuk melaksanakan dengan sungguh-sungguh pembelajaran Bahasa Daerah. Sebagai tindak lanjut, buku ini disusun untuk menyelesaikan masalah ketiadaan buku ajar seiring dengan terbitnya Pergub dan diharapkan dapat diterima dan digunakan dalam pembelajaran di sekolah/madarasah di wilayah Jawa Timur.

Terima kasih disampaikan kepada tim penyusun yang telah dengan kesungguhan menyelesaikan buku ini. Kerja sama Tim Eksternal sebagai penyusun bersama-sama dengan Tim Internal Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur telah mampu menghasilkan karya yang bermanfaat bagi pembentukkan budi pekerti dan karakter generasi muda lewat jalur pendidikan formal di sekolah/madarasah.

Kesempurnaan buku ini adalah tujuan dari penyusun dan pengguna buku ini. Akan tetapi, buku ini masih memiliki kekurangan. Karena itu, kritik, saran, dan masukan dari berbagai pihak yang peduli terhadap pelestarian, pengembangan, dan pemertahanan Bahasa Daerah sebagai salah satu budaya bangsa ini sangat diharapkan. Insya Allah pada kesempatan lain buku ini akan disempurnakan dengan mengakomodasi masukan dari berbagai pihak.

Surabaya, Desember 2016
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Timur,



Dr. Saiful Rachman, MM.,MPd
Pembina Utama Madya
NIP. 19590503 198503 1 018

Atur Sapala

Isinipun buku ***"Tantri Basa"*** punika sampun katitipriksa dening para ahli Basa Jawi saking *Universitas Negeri Surabaya (Unesa).* Dene panyerating buku sampun dipunadani dening para sutresna sarta alumnus Universitas Negeri Surabaya (Unesa). Isi umumipun sampun katiti priksa dening **Drs. Sukarman, M. Si.** (*Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni (FBS), Universitas Negeri Surabaya (Unesa) lan Ketua Tim Penyusun Kurikulum Bahasa Daerah Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Jawa Timur*). Wondene babagan Kebahasaan (Linguistik), Sastra, lan Metodologi Pembelajaran sampun dipuntitipriksa dening **Dra. Sri Sulistiani, M. Pd.** (*Ketua Jurusan, Dosen Bahasa, Sastra, dan Metodologi Pengajaran* saking *Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni FBS, Universitas Negeri Surabaya - Unesa*).

Kanthi asil paniti priksa kasebat dipunajab sageda buku ***"Tantri Basa"*** punika murakabi kangge srana sinau Basa Jawi tumrapipun para siswa. Kejawi punika, ingajaban ugi sageda mbiyantu para kadang dwija anggenipun memucal saha nggulawenthah siswa-siswinipun ing jagading piwucalan Basa Jawi.

Laras kaliyan owah-gingsiripun kurikulum pendhidhikan, buku punika sampun kacundhukaken kaliyan ***Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mulok Bahasa Daerah 2013***. Asil paniti priksa nedhahaken bilih isinipun buku punika sampun laras kaliyan kurikulum enggal ingkang dipunginakaken ing sekolah-sekolah wekdal samangke. Isinipun buku punika kabiji sampun dipun serat kanthi lelandhesan Standar Kompetensi Lulusan (SKL), Kompetensi Inti (KI) lan Kompetensi Dasar (KD), sarta ngginakaken paugeran ingkang sampun dipunrantam dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*.

Mugi-mugi wontenipun buku punika saged mbiyantu para siswa, kadang dwija, lan sutresna Basa Jawi, anggenipun marsudi basa, sastra, lan kabudayan Jawi. Tundhanipun sageda basa, sastra, lan kabudayan Jawi ngrembaka lan lestari.

Surabaya, Desember 2016

Paniti Priksa

Drs. Sukarman, M. Si./

Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

(Ketua dan Wakil Ketua Tim Penyusun
Kurikulum Mulok Bahasa Daerah
Kanwil Dinas Pendidikan dan Kebudayaan
Provinsi Jawa Timur 2014

Atur Pangiring

Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Kuwaos awit kanthi berkahipun panyerat sampun saged nyekapaken panganggiting buku Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** kangge para siswa Sekolah Dasar (SD) / Madrasah Tsanawiyah (MI). Perlu kawuninganan, wiwit taun pelajaran 2014/2015, piwucalan Basa Jawi SD/MI sampun ngginakaken kurikulum enggal inggih punika *KTSP Mulok Bahasa Daerah 2013*. Alelandhesan Peraturan Gubernur No. 19 Tahun 2014 ***"Mata Pelajaran Bahasa Daerah Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah/ Madrasah"*** kanthi alokasi wekdal 2 (kalih) jam pelajaran saben minggunipun. Kangge njangkepi sarana piwucalan Basa Jawi wonten SD/MI wau, panyerat nganggit buku ajar Basa Jawi ***"Tantri Basa"*** punika.

Buku ***"Tantri Basa"*** kasiyapaken kangge nyengkuyung kawicaksanan KTSP 2013. Bab punika laras kaliyan Peraturan Menteri Pendidikan No. 64 Tahun 2013, ingkang ngrembag bab *Standar Kompetensi Lulusan (SKL),* ingkang paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran kedah ngginakaken acuan *Standar Kompetensi Lulusan (SKL)* lan *Kompetensi Inti (KI)* lan sarta alelandhesan paugeran ingkang sampun dipunsusun dening *Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP)*. Wondene *Permendikbud No. 71, Tahun 2013, ingkang ngrembag Buku Teks Pelajaran* lan *Buku Panduan Guru Untuk Pendidikan Dasar Dan Menengah,* ugi paring amanat bilih Buku Teks Pelajaran ingkang dipun-ginakaken ing pawiyatan-pawiyatan kedah sampun kasusun adhedhasar KTSP Mulok Bahasa Daerah Tahun 2013.

Ewah-ewahan tumrap buku teks kedah karancang lan kasusun kanthi lelandhesan (*berbasis*) teks. Wonten ngriki, teks kawawas minangka perangan basa ingkang nggadhahi makna kontekstual. Lumantar buku punika, siswa kaajab saged ngasilaken lan ngginakaken teks laras kaliyan *tujuan* lan *fungsi* sosialipun. Salebetipun piwucalan basa Jawi ingkang alelandhesan teks, pasinaon boten namung sesambetan kaliyan piwucaling teori lan konsep, ananging teks ugi migunani minangka sumber *aktualisasi dhiri* tumrap soksintena ingkang migunakaken bab wau, ing salebeting *konteks sosial budaya akademis*.

Wontenipun buku ***"Tantri Basa"*** punika, dipunajab sageda mbiyantu para siswa SD/MI anggenipun ngleluri dalah marsudi Basa Jawi. Kejawi punika, sageda adamel gampil lan lancaripun para kadang dwija anggenipun memucal dalah nggulawenthah para siswa-siswinipun salebeting piwucalan Basa Jawi.

Perlu kawuninganan, kajawi alelandhesan teks, pangrakiting buku punika ugi ngginakaken *Pendekatan Saintific*. Piwucalan alelandhesan teks, mawi pandom ngrembakakaken babagan (1) Piwucalan basa kawawas saking teks, boten namung kasusun kanthi munjeraken paramasastra utawi *ketatabahasaan* kemawon. (2) Piwucalan lelandhesan teks minangka proses pamilihing basa ingkang ngandharaken makna. (3) Piwucalan basa lelandhesan teks asipat

fungsional ingkang ateges boten saged uwal saking *konteks* ingkang mbabaraken maneka warnining *ide, karakter, nilai*, sarta ugi *idiologi* panuturipun, (4) Piwucalan basa lelandhesan teks ugi minangka sarana kangge mangun kawasisan olah pikir tumrap para siswa.

Jinising teks ingkang kaandharaken wonten ing buku punika arupi teks dheskripsi, palapuran, narasi/carita, eksposisi, eksplanasi, lan sapiturutipun. Wondene *pendekatan Saintific* ingkang kababar ing buku punika mawi *proses* ingkang sesambetan kaliyan tumindak: *Mengamati (Observing), Menanya (Questioning), Mencoba (Experimenting), Menalar (Associating), Mengkomunikasikan (Comunicating),* lan *Membentuk Jejaring (Networking).* Wondene aspek panggulawenthahing patrap ingkang dados punjering piwucalan, inggih punika kanthi nengenaken aspek *Sikap Religius, Sikap Sosial, Kognitif, lan Psikomotorik*.

Pambabaripun buku ***"Tantri Basa"*** kajawi ngandharaken *materi*, ugi sinartan *gladhen (latiyan)* kalarasaken kaliyan *Kompetensi Dasar* lan *Indikator* ingkang sampun sinerat wonten salabeting silabus. Awit saking punika, dipunajab supados saged nyekapi kangge pangukuring *kompetensi* minimal, ingkang kedah dipunkuwaosi dening para siswa. Pambabaripun buku ingkang alelandhesan teks punika, kalampahan kanthi cak-cakan: *(1) Tahap Pembangunan Konteks, (2) Tahap Pemodelan Teks, (3) Tahap Pembuatan Teks Bersama-sama,* lan *(4) Tahap Pembuatan Teks Secara Mandiri*. Kejawi materi lan gladhen, buku punika ugi dipunjangkepi "bausastra" lan "pepeling" ingkang ngandharaken teges sarta pangenget-enget dateng konsep-konsep inti, ing saben wulangan utawi bab. Kanthi mekaten perangan punika dipunajab sageda njangkepi pangrembagipun materi piwucalan, kejawi ugi kangge nambah wawasanipun para siswa.

Panyerat sampun mbudidaya murih buku punika saged sampurna, ewa semanten minangka manungsa limrah sarta awit saking winates saha cupeting kawruhipun panyerat, seseratan salebeting buku punika taksih kathah kekiranganipun. Pramila panyaruwe saking pamaos tansah kaantu-antu amrih kangge damel saenipun buku punika. Wusananing atur, mugi-mugi Gusti Ingkang Murbeng Dumadi tansah njangkung lan nyengkuyung pangetrapanipun buku punika tumrap majeng lan lestarinipun piwucalan Basa Jawi. Nuwun.

Surabaya, Desember 2016

Panyerat

Daftar isi

Samak ngarep i

Samak njero ii

Idhentitas iii

Kata Pengantar iv

Atur Sapala v

Atur Pangiring vi

Daftar Isi viii

Wulangan 1 : Dolanan Tradhisional 1
Mbabar Wawasan 2
Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 3
Gladhen 1 6
Gladhen 2 7
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 10
Gladhen 1 12
Gladhen 2 13
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri 14
Gladhen 1 15
Gladhen 2 16
Uji Kompetensi Wulangan 1 17

Wulangan 2 Lelakoning Urip 21
Mbabar Wawasan 22
Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 23
Gladhen 1 26
Gladhen 2 26
Gladhen 3 27
Gladhen 4 27
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 28
Gladhen1 28

Gladhen 2 29
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri... 31
Gladhen 1 31
Gladhen 2 33
Uji Kompetensi Wulangan 2 36

Wulangan 3 Rukun Agawe Santosa... 39
Mbabar Wawasan 40
Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 41
Gladhen 1 43
Gladhen 2 44
Gladhen 3 45
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 47
Gladhen1 47
Gladhen 2 49
Gladhen 3 49
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri 50
Gladhen 1 50
Gladhen 2 50
Gladhen 3 51
Uji Kompetensi Wulangan 3 52

Wulangan 4 : Rumangsa Handarbeni... 54
Mbabar Wawasan 55
Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 58
Gladhen 1 59
Gladhen 2 60
Gladhen 3 61
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 62
Gladhen 1 63
Gladhen 2 63
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri 63
Gladhen 1 64
Gladhen 2 64
Uji Kompetensi Wulangan 4 65

Uji Kompetensi Semester Ganjil 68

Wulangan 5 : Ekosistem 73
Mbabar Wawasan 74
Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 75
Gladhen 1 77
Gladhen 2 77
Gladhen 3 78
Gladhen 4 80
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 82
Gladhen 1 83
Gladhen 2 84
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri 84
Gladhen 1 85
Gladhen 2 86
Uji Kompetensi Wulangan 5 87

Wulangan 6 : Perangan Awak 91
Mbabar Wawasan 92
Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 93
Gladhen 1 95
Gladhen 2 96
Gladhen 3 96
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 98
Gladhen 1 99
Gladhen 2 100
Gladhen 3 100
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri 101
Gladhen 1 101
Gladhen 2 102
Gladhen 3 102
Uji Kompetensi Wulangan 6 103

Wulangan 7 : Kabudayan Jawa... 106
Mbabar Wawasan 107

Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 107
Gladhen 1 110
Gladhen 2 111
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 112
Gladhen 1 113
Gladhen 2 114
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri 115
Gladhen 1 115
Gladhen 2 116
Gladhen 3 119
Uji Kompetensi Wulangan 7 120

Wulangan 8 : Srawung ing Lingkungan 123
Mbabar Wawasan 124
Pasinaon 1 Modhel Teks Pinilih 125
Gladhen 1 130
Gladhen 2 130
Gladhen 3 131
Pasinaon 2 Makarya Bebarengan 131
Gladhen 1 131
Gladhen 2 133
Gladhen 3 134
Pasinaon 3 Makarya Mandhiri 134
Gladhen 1 134
Gladhen 2 135
Gladhen 3 136
Gladhen 4 136
Gladhen 5 137
Uji Kompetensi Wulangan 8 138

Uji Kompetensi Semester Genap 140

Daftar Pustaka 144

WULANGAN 1

DOLANAN TRADHISIONAL

KOMPETENSI DASAR

3.1 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks narasi atau deskripsi.

INDIKATOR

3.1.1 Menjelaskan pengertian teks narasi.

3.1.2 Menjelaskan ciri-ciri teks narasi.

3.1.3 Mengidentifikasi struktur teks narasi.

3.1.4 Membedakan teks narasi dengan teks lainnya

KOMPETENSIDASAR

4.1 Membaca teks narasi atau deskripsi dengan teknik membaca.

INDIKATOR

4.1.1 Membaca teks narasi dengan teknik membaca.
4.1.2 Menceritakan kembali isi teks narasi.

Mbabar Wawasan

Gatekna gambar ing ngisor iki!


permata-nusantara.blogspot.com


cerita.indonesia.blogspot.com


merdeka.com


yayasansejahterakajen.wordpress..com

1. Gambar ing dhuwur terangna, gambare bocah lagi ngapa?
2. Apa kabeh kalebu dolanan tradhisional?
3. Coba aranana dolanan tradhisional sing kokweruhi!

Ayo ditembangake bebarengan lelagon "Jamuran" ing ngisor iki!

Jamuran, ya gegethok
Jamur apa, ya gegethok
Jamur gajih, mbejijih saara-ara
Sira mbadhe jamur apa?

Dolanan tradhisional yaiku dolanan kang nggunakake tata aturan manut adat-istiadat lan wis ana kanthi cara turun-temurun. Ing jaman saiki dolanan tradhisional iku dadi penting banget. Sebabe dolanan tradhisional iku bisa kanggo sinau tata aturan kang lumaku ing bebrayan (masyarakat) Jawa.

Lumantar dolanan tradhisional para siswa bisa sinau ajen-ingajenan, kekancan kang becik, guyub rukun karo kanca, tulung-tinulung, lan migunani tumrap kesarasan.

Nalika para siswa mung dolanan *android, tab, gadget*, *PS-an,* lan dolanan asil ajune teknologi, dolanan tradhisional bisa menehi piguna kang becik banget tumrap budi pakerti lan sopan santun. Wis akeh buktine yen piranti *canggih* kang disebut -*android, tab, gadget*, *PS-an*- mau jebul marakake bocah jaman saiki dadi mentingake awake dhewe, njaluk menange dhewe, kasar, gampang nesu, awak lesu sebab kurang *gerak/olahraga.* Durung maneh wragad larang sing kudu diwetokake (*boros*), lan isine dolanan *canggih* mau sok ana sing ora cocog kanggo saumurane bocah SD/MI.

Kang kalebu dolanan tradhisional iku kaya ta: egrang, patil lele, dhakon, gatheng, bekelan, lumpatan, betengan, gobag sodor, engklek/ gedrig, jamuran, cublak suweng, slekdhur, dhelikan, lan sapanunggalane.

Apa para siswa ngerti lan tau dolanan tradhisional ing dhuwur? Kapan?

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Ing pasinaon 1 iki para siswa bakal kaajak sinau basa Jawa lan nguri-uri dolanan tradhisional kang ana. Ing dolanan tradhisional kebak nilai-nilai budi pakerti kang dikembangake, kaya ta: syukur, rukun, ajen-ingajenan.

Nindakake apa bae, aja lali ndedonga marang Gusti Kang Murbeng Dumadi. Ayo nggedhekake rasa syukur marang Gusti. Basa Jawa kang kebak tatakrama ing lelagon lan dolanan tradhisional akeh pigunane. Pigunane ing antarane, yaiku bisa nglantipake pikir, njembarake rasa paseduluran, lan nambah kuwarasane badan.

Ing wulangan iki teks kang bakal disinaoni, yaiku teks narasi.

Teks Narasi

Teks narasi yaiku teks wacan kang isine ngandharake utawa nyritakake kedadean kanthi runtut saka wiwitan nganti pungkasan,

utawa *kronologis.* Wong kang maca teks narasi kaya-kaya ngalami dhewe kedadean kang diandharake.

Tuladha:

Festival Dolanan Tradhisional

Jam enem esuk Bima lan Rini wis sarapan. Dina iki bocah loro budhal luwih esuk. Bima lan Rini arep melu *Festival Dolanan Tradhisional* ing alun-alun kabupaten. Bima lomba egrang, Rini melu dhakon lan gobag sodor.

"Jam pira mengko budhale?" pandangune Ibu.

"Jam setengah pitu, Buk. Mangke rombongan saking sekolahan," wangsulane Rini.

"Bima wis trampil ta, egrangan?" Pak Wibawa, bapake urun pandangu.

"Woo.. inggih sampun ta, Pak! Yen latihan kula mesthi menang lo, Pak!"

"He..he.. ya syukur. Ning ora pareng ngremehake liyan lo ya! Sapa bae mungsuhe, sing penting main sing apik, sing *sportif*. Menang, kalah iku ketemu buri. Sing penting tambah pengalaman, tambah kanca, le!"

"Inggih, Pak. Donga pangestunipun, mugi-mugi kula juwara!"

"Dolanan tradhisional saiki dilestarekake lo, Pak" sumambunge ibune Bima.

"Iya, sebab pancen akeh gunane. Bocah dadi guyub rukun, dolanan bebarengan tanpa rasa serik lan tukaran, sebab ana tata aturane,"

"Kula nggih tambah sehat, Pak. Nedha kula dados kathah, sebab dolanan egrang niku saged kringeten," kandhane Bima.

Kabeh melu ngguyu, karo nyawang Bima sing lemu iku.

Bocah loro katon seneng banget. Dina iki alun-alun bakal rame. Bima lan Rini bakal weruh lan melu dolanan yoyo, gangsingan, gobag sodor, engklek, dhakon, betengan, egrang, lan liya-liyane.

Nalika pandom jam nuduhake jam 06.15 menit, Rini lan Bima banjur pamitan.

"Ati-ati, ya Nak!" ngendikane ibu, nampani salime bocah loro.

"Assalamualaikum..."




"Waalaikumsalaam..."

Kanthi ati bungah lelorone budhal sekolah. Sabanjure mengko saka sekolahan menyang alun-alun kabupaten, melu *Festival Dolanan Tradhisional.*

Struktur teks narasi yaiku:
1) alur
2) paraga lan watake/ penokohan
3) latar

Struktur Teks Narasi



Katrangan:

Alur : urutane kedadean
Paraga lan watake : kang ngalami kedadean
Latar : wektu, papan, lan swasanane kedadean

Tuladha:

No	Struktur teks	Katrangan
1	Alur	1. Jam enem Bima lan Rini wis sarapan, arep budhal lomba dolanan tradhisional. 2. Bima lan Rini pamitan bapak lan ibune. 3. Bima lan Rini diweling ibune.
2	Watake paraga	1. Bima = bocah lanang, lemu, bekti marang wong tuwa, trengginas 2. Rini = bocah wadon, bekti marang wong tuwa 3. Bapak = ngerti gunane dolanan tradhisional, paring semangat putrane. 4. Ibu = ngerti gunane dolanan tradhisional, paring semangat putrane.
3	Latar	Panggon = ing omahe Bima lan Rini Wektu = esuk arep budhal lomba dolanan tradhisional Swasana = bungah lan kebak pangarep-arep

Gladhen 1: Nyemak Teks Narasi

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa kang diarani teks narasi?
2. Sebutna strukture teks narasi!
3. Terangna saben bageane struktur teks narasi!

B. Wacanen maneh teks *Festival Dolanan Tradhisional*, banjur wangsulana pitakon ngisor iki!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?
2. Bima karo Rini sarapan jam pira?

3. Kena apa bocah loro budhal rada esuk?
4. Bima lan Rini arep melu lomba apa?
5. Ing endi lombane?
6. Jam pira budhale lomba?
7. Saka ngendi olehe budhal lomba?
8. Karo sapa wae Bima lan Rini lomba?
9. Kepriye pesene Pak Wibawa marang Bima?
10. Apa wae mupangate dolanan tradhisional kang ditindakake kanthi bebarengan?

Gladhen 2: Ngidhentifikasi Teks Narasi

A. Gatekna teks ing ngisor iki!



………………………..

Isih jam setengah wolu. Ing alun-alun wis kebak uwong. Dina iki ana *Festival Dolanan Tradhisional* sa-kabupaten. Pesertane para siswa SD saka 9 kecamatan. Sing bakal tetandhingan yaiku wakil saka kecamatan-kecamatan mau.

Dolanan tradhisional kang dilombakake, yaiku: egrang, balap karung, gobag sodor, patil lele, betengan, dhakon, lan gedrig.

Bima wis siaga kanthi egrange. 3 peserta liyane mengkono uga.

"Prriiiittt….!" Swara aba sempritan muni banter. Bima enggal munggah egrang lan jumangkah miwiti lomba. Egrang iku ginawe saka pring. Ing perangan ngisor ana tlapakan kanggo sikil kang sinangga sikon ing ngisore. Tlapakan mau ana sing ditali ing cagake, ana uga sing dibolongi.

Senajan wis latihan, ana wae alangane. Ana peserta sing tiba nalika wiwit munggah ing tlapakan amarga ndhredheg. Aturane ing babak penyisihan ora kena tiba luwih saka kaping telu. Jarak sing kudu diliwati 5 meter bola-bali.

“Ayo…! Teruss….cepeet….!” sorake sing padha nonton aweh semangat.

Bima bisa ngliwati babak penyisihan mau. Dheweke menang terus. Kabeh padha seneng weruh ketrampilane egrangan. Senajan awake lemu nanging ora kalah gesit karo liyane. Iki sebabe Bima kerep latihan sadurunge lomba. Gunane latihan saben dina ndadekake Bima trampil lan kuwat.

Akhire ing babak final Bima kudu adu cepet lan adu trampil karo 3 peserta liyane.

“Prrriiiiitt…!”

Bima enggal tumandang ngatonake kabeh ketrampilane. Lambene ndremimil ndonga, muga-muga bisa menang. Cukat trengginas munggah ing tlapakan. Cagak egrang kiwa tengen dicekel bakuh. Tangan lan sikile wiwit maju bareng. Ing babak final iki aturane ora oleh tiba. Yen nganti tiba ateges kalah.

Kabeh padha trampil lan cepet, nanging ora kena lena sebab yen nganti ilang keseimbangane bisa nggoling lan tiba. Limang meter wis kliwatan. Bima muter awake. Kringete dleweran ing gegere. Sorake sing padha nonton nambah semangate sing padha tandhing. Alon-alon Bima wiwit ninggalake mungsuhe sing wiwit entek tenagane. Tandhing kaping papat pancen nguras tenaga. Bima sengaja nata ambegan lan njaga langkahe supaya ora nganti kentekan tenaga.

“Bima…Bima..!”

“Ayo Biim…Cepeet… teruuss..! Akeh sing padha menehi dhukungan marang Bima.

Tali pita wis ana ing sangarepe. Kurang rong jangkah maneh finis. Tangane nganti gemeter. Lambene ndremimil ndonga maneh. Atine dikuwatake. Akhire…

“Horre…!!! Bima menang..!”

Bima kasil dadi juwara I lomba egrang tingkat Kabupaten.

Srengengene wis ana ing sisih kulon penere. Jam loro awan *Festival Dolanan Tradhisional* dina kapisan iku rampung ditindakake. Bakal diterusake dina kaloro, ing sesuke. Bocah-bocah katon seneng banget atine. Kabeh uga katon seger awake. Dolanan tradhisional gawe seger kuwarasan tenan.

B. Wacanen kanthi patitis teks narasi ing dhuwur, banjur urutna andharan ing ngisor iki supaya alure teks narasi mau runtut!

No.	Andharan	Urutan
1	Isih esuk alun-alun wis kebak uwong, amarga arep ana *Festival Dolanan Tradhisional* sa-kabupaten. Pesertane para siswa SD saka 9 kecamatan.	
2	Jam loro awan lomba dina kapisan rampung.	
3	Bima melu lomba egrang.	
4	Dolanan tradhisional kang dilombakake, yaiku: egrang, balap karung, gobag sodor, patil lele, betengan, dhakon, lan gedrig.	
5	Sempritan diunekake minangka tandha lomba diwiwiti.	
6	Aturan maine ana rong babak, penyisihan lan final.	
7	Bima ndremimil dongane, kringete nganti dleweran, lan tangane gemeter.	
8	Penontone sorak-sorak rame lan seneng banget.	
9	Bima menang ing babak penyisihan, banjur mlebu babak final.	
10	Bima kasil dadi juwara ing lomba egrang sakabupaten.	
11	Egrang iku ginawe saka pring, cagake ana loro, ngisore ana tlapakan kanggo sikil, ngisore maneh ana sikon kanggo nyangga tlapakan. Tlapakane ditali utawa diencepake ing cagake.	

C. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Wacan ing dhuwur becike diwenehi irah-irahan apa?
2. Isih jam setengah wolu, geneya alun-alun wis rame kebak uwong?

3. Apa bae sing bakal dilombakake?
4. Apa ta dolanan egrang iku?
5. Gambaren bebarengan karo kancamu wujude dolanan egrang!
6. Bima kasil dadi juwara siji? Apa sebabe?
7. Wacan ing dhuwur klebu wacan narasi. Apa sebabe?
8. Coba terangna salah siji dolanan tradhisional sing kok ngerteni! Upamane: carane dolanan, aturane, bahan/alate, lan sapanunggalane!

Pasinaon 2: Makarya Bebarengan

Sawise nyinau teks narasi, ing pasinaon 2 iki para siswa bakal nyinaoni pangerten lan struktur teks dheskripsi. Anggone sinau kanthi cara makarya bebarengan. Kabeh siswa kudu temen lan tanggung jawab marang tugase, bisa jujur lan ngajeni marang kanca-kancane.
Pangerten lan strukture teks narasi wis karembug ing pasinaon siji.
Kepriye pangerten lan strukture teks dheskripsi?

Teks Dheskripsi

Teks dheskripsi yaiku tulisan sing gagasan pokoke diandharake kanthi cara nggambarake objek, panggon, utawa kedadean kanthi njlimet/ rinci, nganti sing maca rumangsa kaya nyawang utawa ngalami dhewe objek sing digambarake panulis.

Tuladha:

Alun-Alun Wayah Sore

Alun-alun ing kuthaku diapit karo bangunan penting. Ing sisih wetan ana pendhapa kabupaten kang endah asri. Ing sisih kulon ana masjid jami’ lan penjara. Yen madhep mangidul katon tharik-tharik


toko pecinan. Dene ing sisih elore ana kantor Pulisi lan gedhung sekolah SMP Negeri 1.

Jenenge wae alun-alun, dadi ya bunder seser. Sapinggire alun-alun biyen ana pager wesi, saiki diganti kekembangan maneka warna. Sukete ijo subur. Sapa bae ora kena midak suket sebab marakake rusak. Ing satengahe ana banyu mancur kang bisa njoged. Ing wayah bengi lampune warna-warni tur bisa njoged. Tandurane ing taman ditata manut endhek-dhuwure. Akeh kursi wesi ukir lan ana uga lungguhan kang saka semen.

Wit-witan kang gedhe ngrembuyung aweh pengayoman. Ana ringin cacah papat kang njagani alun-alun iki. Ana uga pagupon, omahe dara kang padha mencok lan miber golek pangan. Sapa bae ora kena mburu lan nyekel dara-dara mau.

Anane alun-alun kutha iki, bisa njalari sapa wae krasan. Pikiran dadi tentrem. Anane mung rasa ayem lan tresna marang lingkungan.

Struktur Teks Dheskripsi



Katrangan:

Idhentifikasi	: obyek, panggon, utawa barang kang diandharake kanthi umum
Klasifikasi	: ngandharake bagean-bageane obyek
Dheskripsi bagean	: ngandharake bagean-bagean kanthi rinci

Tuladha:

Wacan teks dheskripsi ing dhuwur struktur teks-e kaya ing ngisor iki.

No.	Struktur	Andharan
1.	Idhentifikasi	Alun-alun ing kuthaku
2.	Klasifikasi	1. Bangunane 2. Tandurane 3. Kahanane 4. Kewane
3.	Dheskripsi bagean	1. Bangunane: sisih wetan pendhapa, sisih kulon ana masjid jami' lan penjara, sisih kidul toko pecinan, sisih lor kantor Pulisi lan gedhung sekolah SMP Negeri 1. 2. Tandurane: suket ijo, kekembangan, taman, lan wit-witan kang gedhe, yaiku ringin 3. Kewane: dara 4. Kahanane: wayah bengi lampune warna-warni tur bisa njoged, njalari krasan, pikiran dadi tentrem, ayem lan tresna marang lingkungan

Gladhen 1: Nyemak Teks Dheskripsi

Bebarengan karo kancamu sabangku, wenehana tandha centhang (√), sing cocog karo pranyatan!

No	Pranyatan	Narasi	Dheskripsi
1	Karangan kang ngandharake kedadean kanthi urut wektu utawa kronologine.	√	
2	Karangan kang ngandharake sawijine objek.		
3	Ngandharake kanthi njlimet/ rinci.		

4	Runtut alure.		
5	Karangane isi andharan nganti sing maca kaya ngalami dhewe.		
6	Karangane isi andharan nganti sing maca kaya nyawang/ weruh dhewe.		

Gladhen 2: Ngidhentifikasi Teks Dheskripsi

Kanthi rembugan karo klompokmu, saka sajerone teks dheskripsi ngisor iki golekana struktur teks-e kanthi ngisi tabel kaya tuladha!

Bebayane Mbuwang Sampah Sembarangan

Ing wayah rendheng larahan utawa *sampah-sampah* mau akhire mbunteti dalan banyu. Ing kutha-kutha apa maneh. Kalen-kalen ing antarane perumahan iku dadi kebak larahan. Ana botol plastik, bungkus jajan, tas kresek, godhong, sayuran, lan sapanunggalane.

Yen udane deres banget, kalen-kalene buntet, akhire banyune mbludag ing dalan-dalan. Suwe-suwe banyune dadi mambeg saenggon-enggon. Apa maneh yen ora banjir? Alon-alon banyune saya dhuwur, anguk-anguk ing plataran omah.

Nalika udane wis rampung, larahan sing mbunteti banyu isih ing panggonane. Sing liyane semburat tekan endi-endi. Ana ing pager, ana ing plataran, ing dalan-dalan, malah ana sing ing ngarep lawang. Tur ambune banger banget. Yen ora enggal diresiki, sedhela bae laler-laler padha teka. Larahan mau marakake penyakit.

No.	Struktur	Andharan
1.	Idhentifikasi	
2	Klasifikasi	
3	Dheskripsi bagean	

Pasinaon 3:
Makarya Mandhiri

Sawise sinau bebarengan karo klompokmu, ing ngisor iki para siswa bakal sinau kanthi cara mandhiri. Asil sinaune mesthi bae bakal nuduhake sepira upayane para siswa kanggo ngerteni lan nindakake kabeh dhawuhe Bapak/Ibu Guru kanthi becik.

Kanggo maca teks kang becik, kita kudu nggatekake bab-bab kaya ngisor iki!

pangucap

Lafal pangucape kudu teteh/*fasih,* bener, lan becik. Pangucape kudu cetha lan resik. Ora kena mangu-mangu.

Coba ayo tetembungan ngisor iki diucapake bebarengan!

ꦲꦺꦒꦿꦁ	egrang	ꦒꦁꦱꦶꦁ	gangsing
ꦝꦏꦺꦴꦤ꧀	dhakon	ꦪꦺꦴꦪꦺꦴ	yoyo
ꦧꦺꦏꦺꦭꦤ꧀	bekelan	ꦧꦺꦠꦺꦔꦤ꧀	betengan
ꦥꦠꦶꦭ꧀ꦭꦺꦭꦺ	patil lele	ꦧꦺꦟ꧀ꦛꦶꦏꦤ꧀	benthikan
ꦒꦁꦱꦶꦔꦤ꧀	gangsingan	ꦧꦺꦝꦺꦏꦤ꧀	bedhekan
ꦒꦺꦴꦧꦒ꧀ꦱꦺꦴꦢꦺꦴꦂ	gobag sodor	ꦗꦸꦩ꧀ꦥꦿꦶꦠꦤ꧀	jumpritan

wirama

Wirama yaiku intonasi utawa andhegan nalika maca. Ana lagu utawa intonasi pawarta, pitakon, lan pakon. Tetelune adhedhasar jinis ukarane.

Ukara-ukara ing ngisor iki ucapna kanthi *lafal* kang cetha lan wirama kang trep!
(1) Jam enem esuk Bima lan Rini wis sarapan.
(2) Jam pira mengko budhale?
(3) Mangke rombongan saking sekolahan.
(4) Yen didhawuhi, rungokna!
(5) Ati-ati ya, Nak!
(6) Aja dolan tanpa pamit!

Ekspresi lan solah bawa

Ekspresi lan solah bawa iku dhasare isi lan swasana kang ana ing wacan. Ana swasana seneng, swasana sedhih, swasana medeni, lan sapiturute. Solah bawa yaiku obahe sirah, awak, tangan, sikil, lan uga perangan badan liyane, cocog karo werdi lan swasana sing kepengin diandharake.

Gladhen 1: Maca Teks Narasi kanthi Teknik Maca Cetha

Teks narasi ing ngisor iki wacanen kanthi lafal lan wirama kang trep!

Menyang Kampung Coklat

Dakdeleng wis jam setengah loro awan. Bis sing nggawa rombongan saka SD Mulya Harja wiwit ninggalake Istana Gebang ing Blitar. Rombongan sabanjure nerusake laku menyang *Kampung Coklat* kang manggon ing dalan Banteng Blorok 18, Desa Plosorejo, Kecamatan Kademangan Kabupaten Blitar.

“Iki mengko nganti jam pira, Wan?” pitakone Jupri.

“Ngendikane Pak Mardi nganti jam setengah papat,” wangsulanku.

Sawise tuku tiket @ Rp. 5000,- kabeh padha mlebu ing wisata *Kampung Coklat*. Bocah-bocah padha nggumun weruh tanduran coklat sing ditandur lan padha uwoh.

“Wiih… iki ta coklate?”

“Nyenengna ya?!” Nuri lan Indri banjur padha *selfi* ing sangisore wit coklat iku.

Ana uga sing banjur nyedhaki *outlet-outlet* lan antri tuku sawernane panganan lan inuman kanthi bahan dhasar coklat.

Pambiji:

No.	Jeneng	Lafal (15-25)	Wirama (15-35)	Ekspresi (15-40)	Jumlah Skor
1.					
2.					
3.					
…					

Gladhen 2: Nyritakake Isine Teks Narasi

Kanthi mandhiri teks narasi “Menyang Kampung Coklat” ing dhuwur wacanen maneh banjur golekana struktur teks-e!

Jangkepana tabel ing ngisor iki!

No	Struktur teks	Katrangan
1	Alur	
2	Watake paraga	
3	Latar	

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 1

A. Wacanen kang setiti wacan narasi ing ngisor iki!

Gobag Sodor

Dina Setu ing kelas V ana pelajaran olah raga. Kabeh murid kelas V wis padha baris ing lapangan. Kabeh padha bregas lan seger. Barise manut klompoke dhewe-dhewe. Kabehe ana limang klompok. Saben klompok bocah papat. Bima dadi ketua klompok telu.

"Dina iki dolanan gobag sodor. Sapa sing wis tau dolanan gobag sodor?" pandangune Pak Imam.

Bima, Niken, Wati, Ruslan lan Munip ngacung. Pancen bocah lima iku kerep dolanan gobag sodor ing platarane Pak Jono.

Sawise padha hompimpah, dolanan gobag sodor kawiwitan.

"Ketua klompok dadi sodore, sing liyane dadi sing njaga,"

Pak Imam wis nggawe garis kothakan amba. Ana nem kothak, telu ing sisih kiwa lan telu ing sisih tengen. Ing tengahe ana garis kanggo sodore. Sing jaga padha jaga ing garis buri kothak.

Bima wiwit maju dadi sodor. Mungsuhe klompoke Munip.

"Bukak..!"

Bima mlayu nengah. Munip lan Iwan ing sisih tengene. Wati lan Nuri ucul ing kotak sabanjure. Bocah loro iku dijaga karo Sari. Ing burine Sari isih ana Roni lan Firli.

Sing njaga nduweni kuwajiban njaga kothak bageane. Mula kudu waspada lan ngati-ati, aja nganti kecekel. Kabeh padha gesit lan trengginas. Gobag sodor nglatih kelantipan lan ketrampilan. Bakal menang yen salah siji ana sing bisa ngliwati kabeh sing njaga saka ngarep nganti buri, lan bali ing garis mengarep tanpa kecekel sing njaga.

Kabeh klompok wis main. Sing menang klompoke Munip. Jam pelajaran olah raga wis rampung. Kabeh siswa isih ngethupyuk ngomongake dolanan gobag sodor. Kabeh padha seneng, bisa luwih guyub rukun amarga dolanan tradhisional.

B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisore kanthi milih siji wangsulan (a, b, c, utawa d) sing paling bener!

1. Dina .... ing kelas V ana pelajaran olah raga.
   A. Senin B. Rebo C. Jumat D. Sabtu
2. Dina iku bocah-bocah arep dolanan ... .
   A. dhelikan C. gobag sodor
   B. bekelan D. betengan
3. Saben klompok ana ... murid.
   A. 3 B. 4 C. 5 D. 6
4. Kelase Bima iku muridhe ana ... bocah.
   A. 15 B. 20 C. 25 D. 30
5. Ing gobag sodor iku ana klompok sing main lan klompok sing....
   A. jaga B. dawa C. cendhak D. nunggu
6. Sodor iku manggone ing sisih ... .
   A. kiwa B. tengen C. tengah D. ngisor
7. Ing ngisor iki gunane dolanan tradhisional, kajaba ... .
   A. Bisa gawe rukun sakancane
   B. Nglatih kelantipan, ketrampilan
   C. Gawe awak sehat, seger waras
   D. Boros, wragade akeh lan larang
8. Gagasan pokok saka wacan ing dhuwur yaiku ... .
   A. dolanan tradhisional
   B. pelajaran olah raga
   C. gobag sodor
   D. pemenange klompoke Munip
9. Wacan ing dhuwur iku kalebu wacan jinis ... .
   A. Narasi C. Persuasi
   B. Dheskripsi D. Argumentasi
10. Salah siji titikan wacan narasi kaya ing ngisor iki, kejaba ... .
    A. nyritakake pengalaman
    B. nyritakake dedongengan
    C. nggambarake kahanan, panggonan
    D. urut wektu/kronologis

C. Wangsulana kang patitis!

1. Wacan sing nggambarake kedadean, kahanan, panggonan nganti sing maca kaya-kaya ngalami kaya sing ana ing wacan kalebu karangan jinis … .
2. Piweling kang ana ing wacan yaiku ….
3. [illegible] pangucape sing bener … .
4. [illegible] pangucape sing bener yaiku … .
5. *Seng podo njogo ngadhek ing mburi kotak*; tulisan latin iki salah. Yen dibenerake yaiku … .
6. Isenana kanthi jenenge dolanan tradhisional kaya tuladhane !

1	g	a	t	h	e	n	g					
2	c		b	l			s	u				
3		a		i	l			l	e			
4	b		k		l							
5	d		a	k								
6	d	h		l	i	k		n				
7	g		b		g		o	d				
8	e	g		a								
9	g		d	r		g						
10	j		r	a	n		n					
11	b		t	e			a	n				
12	l		m	p	a	t		n				

7. Tembang dolanan ing ngisor iki tembangna!

Cublak Suweng

Cublak-cublak suweng
Suwenge ting gelenter
Mambu ketundhung gudel
Pak empong lera-lere
Sapa ngguyu ndhelikake
Sir sir pong dhele kopong
Sir sir pong dhele gosong

WULANGAN 2

LELAKONING URIP

KOMPETENSI DASAR

3.2 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks tentang peristiwa faktual secara lisan dan tulis.

INDIKATOR

3.2.1 Menjelaskan pengertian berita.
3.2.2 Menjelaskan ciri-ciri berita.
3.2.3 Menjelaskan jenis-jenis berita.
3.2.4 Mengidentifikasikan unsur-unsur pembangun berita (5 W + 1H).

KOMPETENSIDASAR

4.2 Menceritakan kembali teks tentang peristiwa faktual dengan menggunakan bahasa Jawa *krama* secara lisan dan tulis.

INDIKATOR

4.2.1 Membaca teks berita.
4.2.2 Menceritakan kembali isi berita dengan bahasa yang komunikatif.
4.2.3 Menulis teks berita sederhana.

Mbabar Wawasan

Gatekna gambar ing ngisor iki!



Gambar: 2.1



Gambar: 2.2

Pawarta

Pawarta iku kedadean kang nyata. Kita bisa oleh pawarta saka ngrungokake utawa maca saka sumber kang tanggung jawab. Kajaba saka maca lan ngrungokake, pawarta uga bisa wujud prastawa kang kita alami dhewe. Yen kita maca, ngrungokake utawa ngandharake pawarta paling ora kudu bisa mangsuli pitakon-pitakon, kayata: apa, sapa, kapan, ing endi, nyapa, lan kepriye. Kanthi mangkono pawarta kang dirungu, diwaca utawa diandharake lisan utawa tulis kudu bisa kajupuk sarine.

Setitekna gambar 2.1 lan 2.2!

1. Critakna isine gambar 2.1!
2. Critakna isine gambar 2.2!
3. Apa bocah-bocah tau meruhi kedadean kaya kang kacetha ing gambar dhuwur?
4. Manut panemumu kedadean kang kacetha ing gambar nyata apa ora?
5. Kepriye yen bocah-bocah meruhi ana kedadean kaya ing dhuwur mau?

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Pasinaon iki bakal ngrembug bab pawarta. Pawarta kang karembug diandharake kanthi tema "Lelakoning Urip". Kaajab bocah-bocah bisa ngandharake pangertene pawarta, njlentrehake perangane pawarta, lan jinise pawarta. Sabanjure kanthi makarya bebarengan kaajab bocah-bocah bisa njlentrehake saweneh kedadean kang nyata. Kejaba iku, kanthi cara mandhiri, bocah-bocah bisa gawe pawarta lisan apa dene tulis kang prasaja nganggo basa krama.


Semaken tuladha teks pawarta ing ngisor iki!




JAKARTA— Kegiatan pramuka ing sekolah nduweni daya kekuwatan kang gedhe kanggo narik kawigatene bocah. Kegiatane kang maneka warna lan nyenengake bisa nukulake semangat. Salah sijine kegiatan kasebut yaiku *Indonesia Scouts Challenge* (ISC) 2015-2016, makarya bebarengan antarane Kwartir Nasional Gerakan Pramuka lan Jawa Pos Group.

Indonesia Scouts Challenge mujudake kegiatan kemah lan maneka warna lomba kanggo adhik-adhik Penggalang Ramu kelas IV lan V SD. Kegiatan iki kaleksanan wiwit tingkat kabupaten, provinsi, lan nasional. Sapa kang menang ing tingkat kabupaten bakal dikirim lomba ing tingkat provinsi.

Puncak kegiatane ISC, saben regu kang makili provinsine bakal budhal lomba ing tingkat *national championship* kang digelar watara wulan Agustus 2016. Regu putra lan putri kang paling apik bakal nyandhang predhikat juwara nasional. Minangka bebungahe, regu-regu juwara mau duwe kalodhangan dijak dolan menyang Amerika Serikat sarta diparingi tabungan pendhidhikan.





Pawarta yaiku andharan marang liyan ngenani kedadean kang nyata. **Pawarta kanggone wong** yaiku andharan ngenani kedadean utawa andharane manungsa kang perlu diweruhi.

Pawarta kanggone layang kabar mujudake andharan, katrangan, utawa njlentrehan kang dibutuhke masyarakat.

Kabutuhane manungsa bab warta mesthine beda-beda, mulane ana layang kabar werna-werna.

Tuladhane layang kabar basa Jawa awujud kalawarti:

- Jaya Baya
- Panjebar Semangat
- Jemparing
- Mekar Sari
- Joko Lodhang
- lan sapanunggalane.

Kalawarti : warta/kabar kang diterbitake kala-kala/ ora saben dina, minggon, sasen, lan sapanunggalane.

Ariwarti : warta/kabar kang diterbitake saben dina.

Jinise pawarta

1. Adhedhasar isine : pawarta bab pendhidhikan, agama, politik, kewarasan, ekonomi, hiburan, lingkungan, hukum, tetanen, olahraga, lan sapanunggalane.
2. Adhedhasar sumbere:
   - fakta, pawarta saka kedadean langsung/ nyata.

- opini, pawarta kang wujud andharane wong kang ngalami sawijine kedadean
- campuran antarane kedadean lan panemune nara sumber kang ahli ing bab kedadean kasebut.

3. Adhedhasar bobote fakta:
   - pawarta fakta/ kedadeane pancen bener ana.
   - pawarta ditambah andharan bab kedadeane.
   - pawarta opini, awujud andharane wartawan.
   - pawarta apus-apusan.
4. Adhedhasar sumebare pawarta/ wilayahe:
   - Lokal (wilayah kabupaten/ kota)
   - Regional (wilayah provinsi)
   - Nasional (negara)
   - Internasional (donya)

Gladhen 1: Nyemak Teks Pawarta

Pitakon-pitakon gegayutan karo unsur teks pawarta iki wangsulana kang patitis!

1. **Apa** kang dikabarake ing tuladha pawarta ing dhuwur?
2. Adhedhasar pawarta kasebut, sebutna **apa** salah sijine kegiatan pramuka kang nyenengake!
3. **Kena apa** kegiatan pramuka kok bisa nukulake semangat?
4. Adhedhasar pawarta kasebut **sapa** sing bisa melu ISC?
5. **Ing endi** wae kegiatan ISC dianakake?
6. **Kapan** kegiatan ISC tingkat nasional dianakake?
7. **Apa** bebungahe pemenang ISC tingkat nasional?
8. **Kepriye** yen ing sekolahmu dianakake ISC?

Gladhen 2: Njlentrehake Pawarta

Adhedhasar tuladha teks pawarta ing dhuwur wangsulana pitakon-pitakon iki!

1. Terangna apa sing diarani pawarta?
2. Sebutna jinise pawarta manut isine!
3. Sebutna jinise pawarta manut sumbere!
4. Sebutna jinise pawarta manut bobot faktane!
5. Sebutna jinise pawarta manut wilayahe!
6. Apa tegese kalawarti?
7. Sebutna kalawarti kang kokweruhi!

Gladhen 3: Njlentrehake Titikane Pawarta

Pilihen B yen pranyatane bener lan S yen pranyatane salah!

1. Pawarta kudu ngandharake kedadean kang nyata.	B – S
2. Pawarta kang ngandharake kedadean nyata diarani opini.	B – S
3. Fakta yaiku pawarta kang awujud kedadean nyata ditambah panemune ahli.	B – S
4. Saben wong butuh pawarta.	B – S
5. Pawarta bisa awujud hiburan.	B – S
6. Saben dina mesthi ana pawarta.	B – S
7. Kalawarti basa Jawa kang isih terbit nganti saiki yaiku Jayabaya.	B – S
8. Kalawarti yaiku kabar kang terbite ora saben dina.	B - S

Gladhen 4: Njingglengi Jinise Pawarta

Sarampunge maca lan njingglengi tuladha pawarta ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Adhedhasar isine, tuladha pawarta ing dhuwur jinise yaiku....
2. Adhedhasar sumbere pawarta kasebut jinise yaiku....
3. Adhedhasar wilayahe pawarta kasebut jinise yaiku....
4. Adhedhasar sumbere pawarta kasebut jinise yaiku....
5. Pawarta ing dhuwur sumbere yaiku....
6. Pawarta kasebut diterbitake ing wilayah...

Pasinaon 2
Ndhudhah Teks Pawarta Bebarengan

Ing pasinaon iki bocah-bocah diajak ndhudhah teks pawarta. Kanthi makarya bebarengan, bocah-bocah bisa nemokake bagean-bagean penting kang ana ing sajroning pawarta. Kajaba iku bocah-bocah uga diajak nyritakake isine pawarta nganggo basane dhewe.

Gladhen 1: Njingglengi Wacan

Semaken gambar ing ngisor iki, banjur wacanen pawartane kanthi cetha!



(Foto: Syaiful Islam/Okezone)

Jurnalis: Syaiful Islam

BANGKALAN – Banjir lan udan dikantheni angin gedhe ing Dusun Timur, Desa Jalmak, Kecamatan Kota Sampang, Jawa Wetan. Bencana mau ngobrak-abrik tanduran parine para tani nganti bosah-basih.

Pari sing maune thukul ngadeg jejeg, saiki dadi nglumbruk, nglimpruk, nganti lesoh ora karu-karuwan. Para tani mbudidaya njejegake pari-parine supaya ora kesuwen kakum banyu udan.

"Yen ora diangkat, bisa bosok lan ora payu didol, amarga wis ora kena dipangan. Senajan bisa dipangan rasane uga wis ora enak," kandhane Sutiyem mbok tani ing papan kono, Rabu (13/4/2016).

Kandhane yen sawetara dina iki udan pancen panggah deres ing Pamekasan nganti nglelebake sawahe. Amarga banyu udan panggah ngecembong ora bisa mili ing kalen. **[Baca Juga: Banjir Sampang Meluas, Rendam Sembilan Desa]**

"Banyune ora mili, kalen lan sawahe uga ora mili, kahanane banyu terus mambeg," kandhane Sutiyem mbacutake. Sutiyem njlentrehake, parine kudune durung bisa dipanen, nanging amarga kahanane ora layak mula bakal dipanen seminggu engkas.

Sarampunge maca pawarta ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki bareng-bareng karo klompokmu!

1. Apa kang dirembug ing pawarta kasebut?
2. Sapa kang aweh andharan marang bab kang dirembug?
3. Ing endi kedadeane pawarta kasebut?
4. Kapan kedadeane pawarta kasebut?
5. Nyapa panenan parine ora payu didol?
6. Kepriye kahanane pawarta kang dirembug?

Gladhen 2: Nyritakake Maneh Sawijining Pawarta

Jangkepana tabel ing ngisor iki kaya tuladhane!

No.	Teks wacan pawarta	Ngoko lugu	Krama lugu
1	Banjir lan udan dikantheni angin gedhe kelakon ing Dusun Timur, Desa Jalmak, Kecamatan Kota Sampang, Jawa Wetan. Bencana mau ngobrak-abrik tanduran parine para tani	Banjir lan udan dikantheni angin gedhe kelakon ing Dusun Timur, Desa Jalmak, Kecamatan Kota Sampang, Jawa Wetan. Bencana mau ngobrak-abrik tanduran parine para tani nganti bosah-basih.	Bena lan jawah dipunkantheni angin ageng kelampahan wonten Dusun Timur, Desa Jalmak, Kecamatan Kota Sampang, Jawa Wetan. Bencana kalawau ngobrak-abrik taneman pantunipun para

	nganti bosah-basih.		tani ngantos bosah-basih.
Ringkese nganggo basa krama			
	Wonten bena lan jawah ingkang dipunkantheni angin ageng, kelampahan wonten Dusun Timur Desa Jalmak, Kecamatan Kota Sampang, Jawa Wetan, ingkang ndadosaken taneman pantun risak.		
2	Pari sing maune thukul kanthi jejeg, saiki dadi lemes, nglimpruk, nganti lesoh ora karu-karuwan. Para tani mbudidaya njejegake pari-parine supaya ora kesuwen kakum banyu udan.	Pari sing maune thukul kanthi jejeg, saiki dadi lemes, nglimpruk, nganti lesoh ora karu-karuwan. Para tani mbudidaya njejegake pari-parine supaya ora kesuwen kakum banyu udan.	.... kanthi jejeg,........ lemes, nglimpruk, ... lesoh ....kanten-kantenan. Para tani mbudidaya .... kedangon kakum ....
Ringkese nganggo basa krama			
	Pantun ingkang waunipun katanem jejeg sapunika ambruk. Para tani mbudidaya njejegaken malih nanging rekaos.		
3	"Yen ora diangkat, bisa bosok lan ora payu didol, amarga wis ora kena dipangan. Senajan bisa dipangan rasane uga wis ora enak," kandhane Sutiyem mbok tani ing papan kono, Rabu (13/4/2016).	"Yen ora diangkat, bisa bosok lan ora payu didol, amarga wis ora kena dipangan. Senajan bisa dipangan rasane uga wis ora enak," kandhane Sutiyem mbok tani ing papan kono, Rabu (13/4/2016).	"............,.... bosok lan ....dipunsade, amargai ....mboten ....dipuntedha. Sinaosa........... ugi...........," ....Sutiyem mbok tani wonten papan mriku, Rabu (13/4/2016).
Ringkese nganggo basa krama			
	....		

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri:
Nulis Teks Pawarta

Ing pasinaon iki bocah-bocah siji mbaka siji diajak ajar nulis pawarta. Kanthi seneng para siswa ajar ngrakit ukara lamba nganggo basa krama lugu. Karepe, supaya bocah-bocah bisa gawe paragrap. Paragrap-paragrap kang dirakit mujudake andharan sawenehe pawarta kang sipate prasaja.

Tegese, bocah-bocah bakal diajak gladhen nulis ukara lamba, kang banjur karakit dadi paragrap. Paragrap mau bisa mujudake pawarta kang sarwa prasaja.

Gladhen 1: Ngrakit Ukara Lamba

Ukara lamba yaiku ukara kang polane mung siji.

Tuladha:

No.	Pola	Ukara Ngoko	Ukara Krama Lugu
1	J-W	Bima lunga.	Bima kesah.
2	J-W-L	Bima tuku gula.	Bima tumbas gendhis.
3	J-W-K	Bima mulih jam loro.	Bima wangsul jam kalih.
4	J-W-L-K	Bima tuku gula rong kilo.	Bima tumbas gendhis kalih kilo.
5	K-J-W-K	Wingi Bima lunga menyang Kediri.	Kalawingi Bima kesah dhateng Kediri.
6	K-J-W-L	Sesuk Bima nggawa dhuwit.	Mbenjing Bima mbeta yatra.

A. Gawea ukara nganggo pola kang wis dicepakake!

No.	Pola	Ukara nganggo basa ngoko lugu
1	J – W	
2	J – W – L	
3	J – W – L	
4	J – W – K	
5	J – W – K	
6	J – W – L – K	
7	J – W – L – K	
8	K – J – W – L	
9	K – J – W – K	
10	K – J – W – K	

B. Ukara kang kadhapuk ing gladhen 1 A, salinen nganggo basa krama lugu!

No.	Ukara krama lugu
1	
2	
3	
4	
5	

6	
7	
8	
9	
10	

Gladhen 2: Ngrakit Paragrap

Jinise paragrap manut wujude ana telu yaiku, paragrap dheduksi, indhuksi, lan campuran.
Paragrap dheduksi, yaiku paragrap kang idhe pokoke manggon ing ukara lekasan (wiwitan). Dene ukara-ukara liyane minangka ukara panerang.

Tuladha:
Bima lunga menyang Surabaya. Wis suwe Bima pengin menyang Surabaya. Ibune janji yen bijine apik arep dijak menyang Surabaya. Unggah-unggahan kelas lima iki Bima juwara loro ing kelase.

Paragrap indhuksi, yaiku paragrap kang idhe pokoke manggon ing ukara pungkasane paragrap. Dene ukara-ukara liyane minangka ukara panerang.

Tuladha:
Ing Surabaya Bima nginep telung dina. Bima rumangsa seneng karo sedulur misanane. Dina kang katelu Bima dijak rujakan karo budhene. Surti nyepakake kates lan nanas. Budhene nyepakake bumbon. *Bima* diutus budhene *tuku gula* ing toko cedhak omah.

Paragrap campuran, yaiku paragrap kang idhe pokoke ora katulis kanthi terang-terangan (*tersirat*).

Tuladha:

Bima nginep telung dina ing Surabaya. Atine rumangsa marem. Kepenginane wis keturutan. Saben sore Bima mlaku-mlaku. Bima seneng ndeleng keramean ing kana. Kabeh kang dialami dicathet ing bukune, minangka kenang-kenangan.

Idhe pokoke: *Bima seneng atine.*

A. Gawea idhe pokok adhedhasar gambar kang dicepakake!

Gambar:2.5



Idhe pokoke kang mathuk:

Gambar:2.6



Idhe pokoke kang mathuk:

B. Gawea ukara panerang adhedhasar idhe pokok gambar 2.5!

1. ....
2. ....
3. ....

C. Gawea ukara panerang adhedhasar idhe pokok ing gambar 2.6!

1. ....
2. ....
3. ....

D. Gawea paragrap kang utuh adhedhasar idhe pokok lan ukara panerang saka gambar 2.5!

E. Gawea paragrap kang utuh adhedhasar idhe pokok lan ukara panerang saka gambar 2.6!

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 2

Setitekna gambar ing ngisor iki!



Gambar:2. 7

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor kanthi milih wangsulan kang paling bener!

1. Idhe pokok kang mathuk kanggo gambar 2.7 yaiku....
   A. Dolanan jamuran
   B. Sinau bebarengan
   C. Dolanan jumpritan
   D. Semayan arep dolan
2. Ukara panerang kang ora mathuk kanggo gambar 2. 7 yaiku....
   A. Bima rumangsa seneng atine.
   B. Bocah-bocah rumangsa seneng.
   C. Wayah sore bocah-bocah dolanan ing plataran.
   D. Bima rumangsa sedhih atine.

3. Gambar ing dhuwur yen ditulis wujud pawarta, manut isine bisa digolongake jinise....
   A. kesehatan
   B. ekonomi
   C. agama
   D. hiburan
4. Bima ora weruh yen ibune wis teka. Ukara kasebut nggunakake ragam basa....
   A. ngoko lugu
   B. ngoko alus
   C. krama lugu
   D. krama alus
5. Bima mboten sumerep yen ibunipun sampun dhateng. Basa kang digunakake....
   A. ngoko lugu
   B. ngoko alus
   C. krama lugu
   D. krama alus

B. Pilihen aksara B yen pranyatan ing ngisor iki koanggep bener lan S yen koanggep salah!

1. Pawarta kang ditulis ing layang kabar kudu kedadean nyata.	B – S
2. Pawarta kang ditambahi panemune wong diarani opini.	B – S
3. Saben wong butuh pawarta.	B – S
4. Golek pawarta anyar bisa kanthi maca layang kabar lan ndeleng TV	B – S
5. Layang kabar kang terbite ora saben dina diarani ariwarti.	B - S

C. Pranyatan ing ngisor iki gandhengna karo tembung kang wis cumepak, supaya mathuk!

1. Kang dadi bakune paragrap. 2. Paragrap kang idhe pokoke ana ing ukara wiwitan. 3. Kajaba ukara pokok paragrap uga duwe ukara liyane. 4. Kang dadi bakune ukara pokok. 5. Paragrap kang idhe pokoke ana ing ukara pungkasan.	A. indhuktif B. idhe pokok C. panerang D. dheduktif E. ukara pokok

WULANGAN 3

RUKUN AGAWE SANTOSA

KOMPETENSI DASAR

3.1 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi berbagai ragam gaya bahasa (*basa rinengga)* dalam konteks komunikatif.

INDIKATOR

3.3.1 Menyebutkan jenis-jenis ragam gaya bahasa *basa rinengga.*

3.3.2 Menjelaskan pengertian *tembung saroja.*

3.3.3 Menjelaskan pengertian *tembung camboran.*

3.3.4 Membedakan *tembung camboran* dengan *tembung saroja.*

3.3.5 Menjelaskan pengertian kata kiasan *tembung entar.*

3.3.6 Membedakan makna kiasan *tembung entar* dengan makna sebenarnya.

3.3.7 Mengidentifikasi teks yang memuat kata kiasan *tembung entar.*

KOMPETENSI DASAR

4.3 Menulis teks dengan *basa rinengga* sesuai dengan kaidah dan konteksnya.

INDIKATOR

4.3.1 Menulis teks dengan *tembung saroja.*

4.3.2 Menulis teks dengan *tembung camboran.*

4.3.3 Menulis teks dengan kata kiasan *tembung entar.*

4.3.4 Menganalis teks yang memuat *tembung camboran, tembung saroja*, dan kata kata kiasan *tembung entar*

Mbabar Wawasan

Gambar 3.1



Setitekna gambar 3.1!

1. Apa bocah-bocah bisa nyritakake isine gambar kasebut?
2. Apa ing sekolahmu tau ana kegiatan kaya kang kasebut ing gambar?
3. Yen ing sekolahmu ana kegiatan kaya ing gambar, apa kang koktindakake?

Gambar 3.2







Setitekna gambar 3.2!

1. Critakna isine gambar ing dhuwur?
2. Apa bocah-bocah tau meruhi kegiatan kaya kang kacetha ing gambar?
3. Yen bocah-bocah meruhi ana kegiatan kaya ing dhuwur apa kang koktindakake?

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Pasinaon iki bakal ngrembug bab basa rinengga. Kaajab bocah-bocah bisa nyebutake jinise ragam basa rinengga, nggoleki bedane apa kang diarani tembung camboran lan tembung saroja. Sabanjure siswa bisa

nerangake sarta mbedakake apa kang diarani tembung entar lan tembung lugu. Yen bocah-bocah wis bisa nerangake bab kasebut, kaajab bisa ngidhentifikasi tembung camboran lan saroja sajrone teks wacan. Kanthi makarya bebarengan diajab bocah-bocah bisa nulis teks kang ana tembung camboran lan sarojane. Saliyane iku, kanthi mandhiri siswa uga diajab bisa nulis teks nganggo tembung entar.

Semaken teks tembang ing ngisor iki!

Ayo kanca
ayo kanca
ngayahi karyane praja
kene-kene gugur gunung tandang gawe
sayuk-sayuk rukun bebarengan ro kancane
lila lan legawa kanggo mulyane negara
siji loro telu papat
maju papat-papat
diulang-ulungake murih enggal rampunge
holobis kontul baris ... 4 x

Basa Rinengga

ayo-ayo → tembung rangkep (pangajak)

gugur gunung → tembung camboran (gotong royong)

lila (lan) legawa → tembung saroja (lila banget)

Basa Rinengga, yaiku: basa endah utawa basa sastra, endahe karana dipaesi/direngga-rengga utawa dirumpaka. Mula basa rinengga uga diarani rumpakan. Kang kalebu basa rinengga, yaiku: tembung camboran, saroja, entar, purwakanthi, dasanama, lan sapanung-galane. Lumrahe basa rinengga kanggo nulis kasusastran (tembang/ guritan/ drama/ pewayangan, lan sapanunggalane). Nanging, ing pasinaon iki mung bakal ngrembug saperangane saka basa rinengga mau.

Tuladha:

No.	Jinise Basa Rinengga	Katrangan	Tuladha
1	Saroja	Tembung loro (2) kang tegese padha digandheng dadi siji dianggo bareng duwe teges mbangetake	gagah pideksa sekti mandraguna sugih brewu ….
2	Camboran	Tembung loro (2) digandheng dadi siji nuwuhake teges anyar	nagasari kacamata dadargulung …. } wutuh
			dubang bangjo thukmis } tugel

Gladhen 1: Nyemak Teks Tembang Mawa Basa Rinengga

Adhedhasar tembang lan andharan ing dhuwur wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa kang diarani basa rinengga?
2. Apa kang diarani tembung saroja?
3. Wenehana tuladhane tembung saroja, cacah lima!
4. Apa kang diarani tembung camboran?
5. Wenehana tuladhane tembung camboran, cacah lima!

Gladhen 2: Mbedakake Tembung Saroja lan Camboran

Pasangna tembung-tembung ing kolom kiwa karo tengen sing cocog, kanthi menehi tandha panah (⟶)!

klambi abang
dadar gulung
tape ketan
edi peni
remuk rempu
gedhang goreng
malang megung
rujak wuni
suwuk sembur
babak bundhas

Tembung camboran

Tembung saroja

Gawea ukara nganggo tembung sing wis dicepakake ing tabel kaya tuladha!

No.	Tembung	Ukara
	terang bulan	Wayah udan enake mangan terang bulan anget.
1	klambi abang	
2	dadar gulung	
3	tape ketan	
4	edi peni	
5	remuk rempu	
6	gedhang goreng	
7	malang megung	
8	rujak wuni	
9	suwuk sembur	
10	babras bundhas	

Gladhen 3 : Njingglengi Teks Mawa Tembung Entar

Tembung entar yaiku tembung loro utawa luwih sing digabung dadi siji lan tegese dadi beda saka asal-usule. Tembung entar tegese ora kaya teges salugune (*kata kiasan*) utawa tembung kang ora kena ditegesi sawantahe bae. Ing basa Indonesia diarani kata kiasan.
Tuladhane:

adol ayu = ngendelake ayune
adol bagus = ngendelake baguse
adol gawe = ngatonake pegaweyane
adol kringet = nyambut gawe
kandel kupinge = ora nggugu pitutur
kaku atine = tansah ora sarujuk/sulaya
kasar tembunge = tembunge saru

A. Jingglengana wacan ing ngisor iki!

WAYAH SORE

Srengenge wis meh angslup. Langite isih katon *padhang sumilak*. Bocah-bocah kang dolan ing plataran *jembar bawera* isih padha *suka parisuka*. Bima sakancane isih playon. Kanca liyane ana sing gedrig, gobag sodor, gatheng, dhamparan, uga ana sing mung ngetutake wedhuse ing suketan.

Ora padha karo kanca-kancane kang katon *sumyah gumbira*, Sodin wiwit mau mung lungguh ijen. *Praupane peteng* kaya ana bab sing didhelikake. Karepe Surti arep takon, nanging sedhela maneh *mendhung peteng ing praupane* Sodin banjur *owah dadi udan* brebel-brebel, mbrebes mili.

Bareng didhedhes, Sodin kandha yen dolanane didhelikake Parmin. Parmin pancen *dawa tangane*. Dituturi ibune bola-bali nanging ora nggugu. Parmin uga pancen *kandel kupinge.* Yen dielingake kanca-kancane, Parmin malah kandha yen kanca-kancane

kuwi pancen *tipis lambene.* Tenan, omongane Parmin pancen *ngabangake kuping*.

Surti banjur nggoleki Parmin, saperlu nakokake dolanane Sodin. Dhasar Parmin bocah *entheng tangane*, ditakoni ngono wae langsung njambak rambute Surti. Surti *tiba glangsaran.* Weruh kancane kelaran sing padha dolanan semburat nulungi sing kelaran.

Sore kuwi langit kang maune *padhang sumilak* sangsaya mbleret. Srengenge wis angslup. Sing padha dolanan ngringkesi dolanane, banjur bali nyang omahe dhewe-dhewe. Sing angon wedhus, padha nggiring wedhuse bali menyang kandhange.



Gambar 3.3

B. Sarampunge njingglengi wacan ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa irah-irahane wacan ing dhuwur?
2. *"Srengenge wis arep turu."* Ukara kasebut nuduhake wayah apa?
3. Kepriye kahanane bocah-bocah kang ana ing plataran jembar bawera?
4. Nyapa Sodin *praupane peteng* ora kaya kanca-kancane?
5. Sapa sing nakokake dolanane Sodin marang Parmin?
6. Parmin malah kandha yen kanca-kancene kuwi pancen *tipis lambene.* Tegese tembung tipis lambene, yaiku….
7. Parmin pancen *kandel kupinge.* Tegese tembung kandel kupinge, yaiku….
8. Dhasar Parmin bocah *entheng tangane*, ditakoni ngono wae langsung njambak.Tegese tembung entheng tangane, yaiku….
9. Jan, omongane Parmin pancen *ngabangake kuping* tenan. Tegese tembung ngabangake kuping, yaiku….
10. Apa sing ditindakake bocah-bocah sawise srengenge wis angslup?

C. Tembung-tembung kang kacithak miring ing wacan dhuwur, golongna manut jinise!

Tembung camboran:

Tembung Saroja:

Tembung entar:

Pasinaon 2:
Ndhudhah Wacan Bebarengan

Ing pasinaon iki bocah-bocah kaajak nggatekake teks wacan. Sabanjure bisaa nemokake tembung-tembung entar ing wacan, banjur negesi kanthi klompok.

Gladhen 1: Njingglengi Wacan

Semaken teks wacan ing ngisor iki!

MANJER LAYANGAN

Sore kuwi angin sumilir midit. Bima sakancane nggendring menyang lapangan. Bocah-bocah padha arep manjer layangan. Wujude layangan rena-rena. Rupane uga maneka warna. Ana sing modhel biasa kaya lumrahe layangan, kupu-kupu, iwak, uga ana sing bapangan. Layangane Parmin *bapangan gedhe.* Buntutane dawa kaya ula. Parmin sajak *gedhe endhase*, amarga layangane katon *gedhe dhewe* tur muluk dhisik dhewe.

Bocah-bocah katon *padhang atine*. Layangane wis padha muluk dhuwur. Bolahe dawa-dawa, yen ndeder meh padha karo dhuwure wit klapa. Dhasar langit katon *sumilak padhang.* Sing dolanan atine padha bingar. Layangane Bima digawe kaya kupu-kupu, *rupane abang*. Bolahe gelasan ora beda karo duweke Parmin.

Sedhela wae layangane bocah salapangan padha mumbul dhuwur. Ora nyana, nalika ana *angin gedhe,* layangane Bima kesambit layangane Parmin. Bolahe langsung pedhot. Layangane Bima ucul embuh menyang endi pernahe. Parmin ngguyu cekakakan kesenengen. Weruh *layangane pedhot*, sakala Bima kaya *pedhot atine.* Guyune Parmin nyata *ngabangake kuping.* Kajaba ngguyu cekakakan Parmin pancen *gedhe omonge,* njalari sing ngrungokake anyel. Pancen layangane Bima *kalah gedhe* karo layangane Parmin. Mula gampang kesambit. Bima rumangsa *semplah atine.*

Yen wis rampung nyemak wacan ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Kena apa Bima sakancane nggendring menyang lapangan sore kuwi?
2. Apa wae wujude layangane Bima sakancane?
3. Apa wujude layange Bima?
4. Apa wernane layangane Bima?
5. Apa wujude layangane Parmin?
6. Sapira muluke layangane bocah-bocah?
7. Kena apa layangane Bima pedhot?

8. Sakala Bima kaya *pedhot atine.* Apa tegese tembung pedhot atine?
9. Kena apa sing ngrungokake omongane Parmin padha anyel?
10. Kena apa layangane Bima gampang kesambit?

Gladhen 2: Mbedakake Tembung Entar lan Tembung Lugas Sajrone Wacan

Sarampunge nggarap gladhen 1 ing pasinaon iki, tembung-tembung kang kacithak miring ing wacan dhuwur, klompokna endi sing kalebu entar lan endi sing kalebu lugu, kanthi ngebaki tabel ngisor iki!

No.	Tembung entar	Tembung lugu
1		
2		
3		
4		
5		
6		

Gladhen 3 : Mbedakake Tembung Entar lan Tembung Lugas Sajroning Ukara

Pilihen B yen pranyatan ing ukara ngisor iki bener lan S yen pranyatan ukara ngisor iki salah!

1. *Srengengene padhang kencar-kencar*. Tembung entar.	B – S
2. Langit isih katon *padhang sumilak.* Tembung saroja.	B – S
3. *Praupane peteng* kaya ana bab sing didhelikake. Tembung camboran.	B – S
4. Parmin pancen *dawa tangane*. Tembung entar.	B – S
5. Surti *tiba glangsaran.* Tembung saroja.	B – S

Pasinaon 3: Nulis Ukara nganggo Basa Rinengga kanthi Mandhiri

Sawise bocah-bocah nyinaoni bab jinise basa rinengga, bisa nerangake, bisa mbedakake, bisa milah-milah saka wacan, ing pasinaon iki bocah-bocah diajak ngrakit ukara mawa basa rinengga kanthi mandhiri.

Gladhen 1: Ngrakit Ukara mawa Tembung Camboran

Gawea ukara nganggo tembung-tembung kang wis dicepakake!

No.	Tembung camboran	Ukara
1	sambel goreng	
2	kumis kucing	
3	nagasari	
4	dadar gulung	
5	kacamata	
6	sanggawang	
7	dubang	
8	barbeh	

Gladhen 2: Ngrakit Ukara nganggo Tembung Saroja

Gawea ukara nganggo tembung-tembung kang wis dicepakake!

No.	Tembung Saroja	Ukara
1	edi peni	
2	gagah prakosa	
3	malang megung	
4	ajur mumur	
5	sugih brewu	
6	janji setya	
7	salang tunjang	
8	sekti mandraguna	

Gladhen 3 : Ngrakit Ukara nganggo Tembung Entar

Gawea ukara nganggo tembung-tembung kang wis dicepakake!

No.	Tembung entar	Ukara
1	ngabangake kuping	
2	adus kringet	
3	bening atine	
4	cilik atine	
5	dawa tangane	
6	entheng tangane	
7	golek urip	
8	jembar kubure	

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 3

Wacanen kang patitis!

Ora padha karo kanca-kancane kang katon *sumyah gumbira*, Sodin wiwit mau mung lungguh ijen.*Praupane peteng* kaya ana bab sing didhelikake. Karepe Surti arep takon, nanging sedhela maneh *mendhung peteng ing praupane* Sodin banjur *owah dadi udan* brebel-brebel, mbrebes mili.

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan kang paling bener!

1. Ora padha karo kanca-kancane kang katon *sumyah gumbira.* Tembung sumyah gumbira kagolong tembung....
   A. camboran B. saroja C. entar D.lugas
2. Tembung sumyah gumbira tegese yaiku....
   A. seneng banget B.susah C. bingung D. gela
3. *Praupane peteng* kaya ana bab sing didhelikake. Tembung praupane peteng kagolong tembung....
   A. camboran B. saroja C. entar D. lugas
4. *Tembung praupane* peteng tegese yaiku....
   A. seneng banget B.susah C. bingung D. gela
5. Mendhung peteng ing praupane Sodin banjur *owah dadi udan* brebel-brebel, mbrebes mili. Tembung owah dadi udan tegese yaiku....
   A. udan B. banyu C. tangis D. kringet

B. Pilihen aksara B yen pranyatan ing ngisor iki koanggep bener lan S yen koanggep salah!

1. Bocah-bocah katon padhang atine. Padhang langite kalebu tembung entar.	B – S
2. Bocah-bocah katon padhang atine. Padhang atine tegese sedhih.	B – S
3. Langite katon sumilak padhang. Tembung sumilak padhang kalebu tembung camboran.	B – S
4. Parmin kuwi pancen bocah sing gedhe endhase. Tembung gedhe endhase tegese sombong.	B- S
5. Guyune Parmin pancen ngabangake kuping. Tembung ngabangake kuping tegese njalari anyel.	B - S

C. Pranyatan ing ngisor iki gandhengna karo tembung kang wis cumepak, supaya mathuk!

1. Tembung loro kang tegese padha digandheng dadi siji dianggo bebarengan, duwe teges mbangetake. 2. Tembung loro kang digandheng dadi siji duwe teges anyar. 3. Tembung kang duwe teges ora sabenere. 4. Tembung kang duwe teges salugune. 5. Bima ora disangoni dhuwit ibune, nanging dibontoti jajan.... 6. Parmin iku bocah sing ...., mula ora disenengi kancane.	A. nagasari B. camboran C. gedhe endhase D. saroja E. entar F. lugas

WULANGAN 4
RUMANGSA HANDARBENI

KOMPETENSI DASAR

3.4 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi *tembang macapat* sesuai dengan kaidah.

INDIKATOR

3.4.1 Menjelaskan pengertian tembang macapat..
3.4.2 Menyebutkan jenis-jenis tembang macapat.
3.4.3 Menjelaskan kaidah tembang macapat.
3.4.4 Mengidentifikasi *guru gatra, guru wilangan, dan guru lagu* tembang pucung.
3.4.5 Menjelaskan isi tembang pucung.

KOMPETENSI DASAR

4.4 Melagukan *tembang macapat*.

INDIKATOR

4.4.1 Melagukan tembang pucung.
4.4.2 Mengomentari cara melagukan tembang pucung.

Mbabar Wawasan

Iki gambar apa ?





arsip.tembi.net



banyuwangibagus.co



amazine.co

Eyang Jati lagi lelenggahan ing lincak. Panjenengane ngagem ageman lurik lan udhengan wulung. Lamat-lamat, Eyang Jati rengeng-rengeng

Eyang Jati : *Bapak pucung cangkemmu madhep mendhuwur, sabamu ing sendhang, pencokanmu lambung kering, prapteng wisma si pucung mutah guwaya.*

Ambegan landhung sedhela, banjur rengeng-rengeng maneh;

Eyang Jati : *bathik alus wujudmu nenambah bagus, tan ana jaitan, para kakung sigrak peni, enom tuwa angiket ingkang mustaka.*

Lila, Bima lan Nardi teka, uluk salam

Bocah 3 : Assalamualaikum…sugeng sonten, Yang..

Eyang Jati : Waalaikumsalaam… wehh... ana dhayoh ta… sinten nggih. Kok bagus-bagus..lan hayu…

Bocah telu nuli salim lan melu lungguh ing lincak.

Eyang Jati : Wah, ana apa...kok rombongan iki? Mas Bima, Mas Nardi.. Lila..ta iki?

Bima : Inggih..Nuwun sewu, Yang. Sowan kula badhe nyuwun pirsa....

Lila : Niki angsal tugas... bab tembang macapat...Yang.

Eyang Jati : Oo… (Eyang Jati banjur nembang maneh..) *Bapak pucung cangkemmu madhep mendhuwur, sabamu ing sendhang, pencokanmu lambung kering, prapteng wisma si pucung mutah guwaya.*

Nardi : Niku tembang Pucung nggih, Yang Jati?

Lila : Kok..ngono?

Bima : Ya iya... wiwitane ana tembung…*bapak pucung*, ateges tembange jenenge tembang Pucung.

Eyang Jati : Lha...wis pinter ngono lo… bener kabeh. Iku tembang Pucung. Tembang Pucung iku kalebu tembang macapat.

Lila : Ingkang *bathik alus…* (karo nirokna lagune) niku tembang Pucung ugi, nggih?

Bima : Kok Pucung…?

Lila : Lha lagune padha…

Nardi : Dudu..! Iku tembang *bathik alus* ! Nggih Yang?

Eyang Jati : He..he..he… (Eyang Jati gumujeng kekelen, kaya manggih lelucon sing lucu banget)...ora...ora ngono!

Lila : Sanes Pucung?!

Eyang Jati : Sik...sik… rungokna ya. Tembang macapat iku rerakitan tembung sing kaiket ing guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu… wis diwulang durung??

Bima : Sampun....

Nardi : Sampun...Yang....

Eyang Jati : Tembang telu mau kabeh tembang Pucung. Sebab guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune padha... yaiku 4 gatra, 12u, 6a, 8i, 12a... Iku tata aturane tembang Pucung. Ing endi bae, yen ana tembang mawa aturan 12u, 6a, 8i, 12a… jenenge tembang Pucung.

Bocah 3 : Ooooo……..

Eyang Jati : (bali nembang maneh).. *Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung, dawa kaya ula, pencokanmu wesi miring, sing disaba si pucung mung turut kutha….* Tembang Pucung telu mau sakjane mono isi cangkriman utawa bedhekan… Ayo sapa bisa ngartekake??!!

Bocah 3 mau pandeng-pandengan.

Hayoo…. Sapa sing bisa nulungi Bima, Nardi lan Lila………???

Bausastra

pucung	= kluwak	saba	= parane, dolane
sendhang	= sumber, belik	kering	= kiwa
guwaya	= cahya, banyu	guru gatra	= cacahe gatra saben pada
gatra	= baris, larik	mustaka	= sirah
dhong-dhing	=tibaning swara	memba	= kaya
grana	= irung	bupati	= pimpinane kabupaten
pada	= bait		
guru lagu	= guru swara, tibaning swara ing saben pungkasane gatra		
titilaras	= swara thinthingane gamelan		

[illegible]

1. [illegible]
2. [illegible]
3. [illegible]
4. [illegible]
5. [illegible]
6. [illegible]
7. [illegible]
8. [illegible]
9. [illegible]
10. [illegible]
11. [illegible]

Ing wulangan 4 iki para siswa bakal sinau tembang macapat. Tembang macapat iku salah sijine asil kasusastran Jawa kang isih lestari lan diuri-uri tumekane saiki.

Tembang macapat wujude rerakitan basa kang endah, kang macane kanthi cara ditembangake. Wujude tembang macapat kaiket tata aturan baku, yaiku: guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu/swara.

Para siswa kudu duwe watak *melu handarbeni*, tegese rumangsa melu duwe, wajib nresnani, lan ngleluri luhure kasusastran Jawa kang awujud tembang macapat iki.
Kanthi dhasar rasa melu nduweni bakal thukul rasa tresna marang budaya Jawa, ora isin lan *gengsi.* Malah seneng amarga duwe tembang macapat sing wis diakoni kaluhurane dening jagad internasional. Buktine? Tembang macapat isi piwulang luhur kang isih dibutuhake kanggo mbangun karaktere bangsa ing jaman globalisasi iki.

Ing wulangan iki para siswa kaajab bisa ngerteni tata aturane, nyebutake jinise tembang macapat, lan bisa nembang manut titilarase.

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Pethikan tembang Pucung iki gatekna!

Pucung
Bapak pucung rupane amemba gunung,
Tan ana kang tresna,
Kabeh uwong mesthi sengit,
Kang kanggonan den lus-elus tinangisan.

Guru gatra	Cakepan	Guru Wilangan	Guru Lagu
1	Bapak pucung rupane amemba gunung,	12	u
2	Tan ana kang tresna,	6	a
3	Kabeh uwong mesthi sengit,	8	i
4	Kang kanggonan den lus-elus tinangisan,	12	a

Tembang Macapat cacah 11, kasebut kaya ing ngisor iki;

No	Arane	guru gatra	guru wilangan, guru lagu/swara
1	Maskumambang	4	12i, 6a, 8i, 8a
2	Pucung	4	12u, 6a, 8i, 12a
3	Megatruh	5	12u, 8i, 8u, 8i, 8o
4	Gambuh	5	7u, 10u, 12i, 8u, 8o
5	Mijil	6	10i, 6o, 10e, 10i, 6i, 6u
6	Kinanthi	6	8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
7	Durma	7	12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i
8	Pangkur	7	8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
9	Asmaradana	7	8i, 8a, 8e/o, 8a, 7a, 8u, 8a
10	Sinom	9	8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
11	Dhandhanggula	10	10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12, 7a

Tata paugerane tembang macapat iku ana telu, yaiku:

1. Guru gatra : cacahing gatra/larik saben sapada/bait
2. Guru wilangan : cacahing wanda/suku kata saben sagatra
3. Guru lagu/swara : dhong-dhing/tibaning swara (vokal) ing saben pungkasane gatra.

Gladhen 1: Njlentrehake Pangertene Tembang Macapat

Kanthi rembugan karo kancamu sabangku utawa saklompok, garapen manut prentahe!

1. Apa sing diarani tembang macapat?
2. Sebutna jinise tembang macapat!
3. Tembang macapat apa sing guru gatrane ana sepuluh?

4. Tembang macapat apa wae kang guru gatrane ana pitu?
5. Kepriye carane maca tembang macapat iku?

Gladhen 2 : Nyebutake Jinise Tembang Macapat

Tuladha :

Bener luput ala becik lawan begja,
Cilaka mapan saking,
Ing badan priyangga,
Dudu saka wong liya,
Pramila den ngati-ati,
Sakeh dirgama,
Singgahana den eling.

a. Guru gatrane = 7
b. Guru wilangane = 12, 7, 6, 7, 8, 5, 7
c. Guru lagune = a, i, a, a, i, a, i
d. Arane = tembang Durma

Garapen kaya tuladha!

1. Dedalane guna lawan sekti,
   kudu andhap asor,
   wani ngalah luhur wekasane,
   tumungkula yen dipun dukani,
   bapang den simpangi,
   ana catur mungkur.

   a. Guru gatrane = ... gatra
   b. Guru wilangane = ...
   c. Guru lagune = ...
   d. Arane = ...

2. Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung,
   dawa kaya ula,
   pencokanmu wesi miring,
   sing disaba si pucung mung turut kutha

   a. Guru gatrane = ... gatra

b. Guru wilangane = ...
c. Guru lagune = ...
d. Arane = ...

3. Dhuh-dhuh adhuh ngger putraku jalu estri,
Padha midhangetna,
Pituturing rama wibi,
Singkirana tindak nistha.
a. Guru gatrane = ... gatra
b. Guru wilangane = ...
c. Guru lagune = ...
d. Arane = ...

Gladhen 3 : Nyebutake Paugeran Tembang Macapat

Andharan ing ngisor iki golekana pasangane kang mathuk karo pilihan tembung kang wis cumawis!

Pranyatan	Wangsulan
1. Cacahing gatra saben sapada	a. guru swara i
2. Dedalane guna lawan sekti	b. dhong-dhing
3. Bekti tuhu mring guru	c. 7u
4. Cacahing wanda ing saben gatra	d. guru gatra
5. Piwelingku midhangetna	e. guru wilangan 12
	f. 11u
6. Begja cilaka dudu saka wong liya	g. 8a
7. Tibaning swara	h. 10i
8. Tibaning swara ing saben pungkasane gatra	i. guru gatra, guru wilangan, guru lagu/swara
9. Kudu tansah ngati-ati	j. 8i

10. Tata paugerane tembang macapat	k.	guru lagu
	l.	guru sastra

Pasinaon 2:
Makarya Bebarengan

Pucung
Bapak pucung rupane amemba gunung,
Tan ana kang tresna,
Kabeh uwong mesthi sengit,
Kang kanggonan den lus-elus tinangisan.

Tembang pucung ing dhuwur uga arupa cangkriman utawa bedhekan. Katrangane mangkene:

Si pucung rupane memba gunung	=	kang dibedhekake iku wujude kaya gunung, mbedhudhug, dadi mbrenjul ing tengah.
Tan ana kang tresna	=	ora ana sing seneng karo si pucung
Kabeh wong mesthi sengit	=	kabeh wong mesthi sengit, tegese ora seneng, mangkel-pegel ing atine. Karepe, kabeh kang duwe barang mbedhudhug, mrenyunyuh kuwi mesthi ora seneng. kang kanggonan
den elus-elus lan ditangisi.	=	Dielus-elus dienteni mbledhose utawa njebrote, ditangisi amarga saking larane.

Dudutan: Sing dicritakake mbedhudhug mrenyunyuh, mbrenjul tengahe, njalari sing duwe pegel, anyel, lan ngrasakake lara mung bisa ngelus-elus ngenteni mbledhose, wangsulane yaiku : u d u n !

Gladhen 1: Nyritakake Isine Tembang Pucung

Tembang-tembang ing ngisor iki jlentrehana kaya tuladha, karo kancamu saklompok!

1. Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung,
   dawa kaya ula,
   pencokanmu wesi miring,
   sing disaba si pucung mung turut kutha.

2. bathik alus wujudmu nenambah bagus,
   tan ana jaitan,
   para kakung sigrak peni,
   enom tuwa angiket ingkang mustaka.

Gladhen 2: Ngarang Tembang Pucung

Tembang macapat Pucung kang wis kosinaoni nduweni paugeran guru lagu, guru wilangan, dan guru gatra. Bebarengan karo kanca saklompokmu, gawea tembang tembung Pucung 3 paling sethithik 3 pada kanthi tema bebas.

Pasinaon 3
Pakarvan Mandhiri

Ing pasinaon 3 iki para siswa bakal dijak sinau nembang. Nembang kang becik iku *lafal* pocapan kudu cetha, endhek dhuwure swara manut titi laras, lan ngerti pedhotan. Pedhotan kendho yaiku anggone medhot utawa mandheg, pas ing antarane tembung. Pedhotan kenceng menawa mandheg utawa medhote manggon ing tengahing tembung.

Kanggo nukulake rasa tresna marang tembang kudu ngulinakake gladhen. Aja gampang nglokro, ayo nresnani budaya Jawa, ya budayane bangsa!

Gladhen 1: Nembang Sekar Macapat Pucung

Ayo ditembangake!

Sekar Pucung Slendro Manyura

6 6 5 3 $\dot{1}$ $\dot{1}$ $\dot{1}$ $\dot{2}$ 6 6 5 3
Tim-bang ngang-gur pi- kir- an-e da-di nglan-tur

$\dot{1}$ $\dot{2}$ 6 3 2 1
A- ngur nyam-but kar-ya

1 2 1 3 2 1 $\underset{\cdot}{6}$ $\underset{\cdot}{6}$
A- pa – a- pa di-tan-dang-i

$\underset{\cdot}{6}$ 1 2 3 2 2 1 $\underset{\cdot}{6}$ 1 1 $\widehat{1\ 2}$ 2
Wit nger- ti- a wong nganggur ban-tal- e se- tan

Aja lumuh ngalor ngidul dhemen nganggur,
Becik ngupayaa,
Ngudi kawruh myang pakarti,
Nora becik wong lumuh tanpa piguna.

Gladhen 2: Aweh Pambiji Nembang Pucung

jeneng	titilaras				cakepan				ekspresi			
	1	2	3	4	1	2	3	4	1	2	3	4

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 4

A. Wangsulana kanthi milih siji wangsulan (a, b, c, utawa d) sing kokanggep paling bener!

1. *Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung,*
   Dawa kaya ula,
   pencokanmu wesi miring,
   sing disaba si pucung mung turut kutha.
   Tembang ing dhuwur guru gatrane ana … .
   A. 4 | C. 6
   B. 5 | D. 7
2. Cangkriman tembang ing dhuwur wangsulane yaiku … .
   A. gajah | C. sepur
   B. iket/udheng | D. jun/klething
3. Cacahing gatra ing saben pada diarani … .
   A. guru wilangan | C. guru sastra
   B. guru gatra | D. guru lagu
4. *Bapak pucung dudu watu dudu gunung,*
   Tan ana kang tresna,
   Kabeh uwong mesthi sengit,
   Kang kanggonan den lus-elus tinangisan.
   Batangane tembang ing dhuwur yaiku … .
   A. gajah | C. jun
   B. B. sepur | D. udun
5. Tembang macapat iku kaiket ing telung paugeran, kejaba… .
   A. guru gatra | C. guru swara
   B. guru wilangan | D. guru pada
6. *Dedalane guna lawan sekti*
   Ukara ing dhuwur guru wilangan lan guru lagune yaiku … .
   A. 8u | C. 10 a
   B. 9i | D. 10i
7. Ing ngisor iki ukara kang guru wilangane ana 12 yaiku … .
   A. Mbangun turut marang wong tuwa
   B. Sapa jujur mbesuke bakal luhur
   C. Wis wajibe si murid sregep sinau

D. Saben dina rama ibu kang njaga

8. Guru lagu i iku tuladhane yaiku … .
   A. sawengi-wengine
   B. sapa kang sregep makarya
   C. pencokanmu lambung kering
   D. temen margane swarga iku

9. Tembang ing ngisor iki jenenge tembang … .

   Bener luput ala becik lawan begja,
   Cilaka mapan saking,
   Ing badan priyangga,
   Dudu saka wong liya,
   Pramila den ngati-ati,
   Sakeh dirgama,
   Singgahana den eling.

   A. Maskumambang
   B. Durma
   C. Kinanthi
   D. Pucung

10. Tembang ing dhuwur (no 9), guru wilangan lan guru lagune yaiku …
   A. 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i
   B. 8i, 8a, 8e/o, 8a, 7a, 8u, 8a
   C. 8i, 8a, 8e/o, 8a, 7a, 8u, 8a
   D. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i

11. Ing ngisor iki guru wilangan lan guru lagune tembang pucung yaiku … .
   A. 12u, 8i, 8u, 8i, 8o
   B. 12u, 6a, 8i, 12a
   C. 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
   D. 12i, 6a, 8i, 8a

Timbang nganggur pikirane dadi nglantur,
Angur nyambut….(12)
Apa-apa … (13)
Wit ngertia wong nganggur bantale setan

12. A. gawe
    B. kerjane
    C. karya
    D. nyambut

13. A. dadi becik banget
    B. den tingalana
    C. ditandangi
    D. nyuwun

14. Ing ngisor iki kalebu tembang macapat,kejaba … .
   A. Pucung
   B. Gambuh
   C. Praon
   D. Kinanthi

15. Piranti kanggo nyinau titilaras yaiku gamelan. Ing gamelan Jawa titi laras iku ana loro, laras … lan … .

A. Pelog – slendro
B. Enem – Miring
C. Barang – Manyura
D. Lima - Sanga

B. Jangkepana ukara ing ngisor supaya dadi tembang Mijil!

Dedalane …..(1) lawan sekti,

kudu …….., (2)

wani ngalah …..(3) wekasane

……..(4) yen dipun dukani

bapang den simpangi

ana …(5) mungkur

Uji Kompetensi Semester Ganjil

A. Pilihen siji wangsulan sing paling bener!

Cuplikan wacan ing ngisor iki wacanen kanthi setiti!

"Bima wis trampil ta, egrangan?" Pak Wibawa, bapake urun pitakon.

"Woo.. inggih sampun ta, Pak! Yen latihan kula mesthi menang lo, Pak!"

"He..he.. ya syukur. Ning ora pareng ngremehake liyan lo ya! Sapa bae mungsuhe, sing penting main sing apik, sing *sportif*. Menang, kalah iku ketemu buri. Sing penting tambah pengalaman, tambah kanca, le!"

"Inggih, Pak. Donga pangestune, mugi-mugi kula juwara!"

"Dolanan tradhisional saiki dilestarekake lo, Pak" sumambunge ibune Bima.

"Iya, sebab pancen akeh gunane. Bocah dadi guyub rukun, dolanan bebarengan tanpa rasa serik lan tukaran, sebab ana tata aturane,"

"Kula nggih tambah sehat, Pak. Nedha kula dados kathah, sebab dolanan egrang niku saged kringeten," kandhane Bima.

Kabeh melu ngguyu, karo nyawang Bima sing lemu iku.

....

1. Dolanan tradhisional iku gunane supaya bocah dadi ... .
   A. guyub rukun
   B. bisa juwara
   C. tukaran
   D. bisa egrangan
2. Yen arep lomba utawa tetandhingan, para siswa kudu sregep latihan lan ... .
   A. ora pareng rewel
   B. ora pareng ngremehake liyan
   C. ora pareng tangi awan-awan
   D. ora pareng ndhisiki musuh

3. Waspadakna gambar ing ngisor iki!



Gambar ing dhuwur nuduhake dolanan tradhisional ... .
A. engklek
B. egrang
C. gobag sodor
D. cublak suweng

4. *//...., ya gegetok/ jamur apa, ya gegetok/ jamur hajih, mbejijih saara-ara/sira mbadhe jamur apa?//*
Tembung kang trep kanggo njangkepi lelagon mau yaiku ... .
A. jamur
B. njamur
C. jamuran
D. njamura

5. Gambar ing ngisor iki sing nuduhake dolanan tradhisional egrang yaiku ... .



A



B



C



D

6. Ing ngisor iki tuladhane dolanan tradhisional, kejaba ... .
A. dhakon
B. slekdhur

C. betengan
D. optimus

Wacanen kang setiti!

Jam enem esuk aku wis dandan mlipis. Seragam abang putih, dhasi lan topi wis takanggo. Dina iki aku arep melu lomba egrang ing stadion.

Jam setengah wolu, rombongan wis tekan ing stadion. Ing kono wis rame, amarga para peserta lomba dolanan tradhisional sing wis padha teka.

7. Wacan ing dhuwur kalebu wacan jinis ... .
   A. Narasi
   B. Dheskripsi
   C. Argumentasi
   D. Persuasi
8. Salah siji titikan/ciri-cirine teks narasi yaiku...
   A. kronologis
   B. antagonis
   C. protagonis
   D. kritis
9. Kronologis iku maksude yaiku ... .
   A. Nyritakake kanthi temenan
   B. Nyritakake kedadean urut wektune
   C. Nyritakake kedadean urut paragane
   D. Nyritakake kedadean karo alasane
10. Urutan wektu kang ana ing wacan ing dhuwur yaiku... .
    A. Jam 09.00 aku wis siap, jam 10.00 budhal menyang sawah.
    B. Jam 06.00 aku sarapan, jam 07.30 tekan stadion.
    C. Jam 06.30 aku wis sarapan, jam 10.00 tekan sekolah.
    D. Jam 06.00 aku wis siap, jam 07.30 tekan stadion.
11. Arane kalawarti kang terbit saka kutha Surabaya kaya ing ngisor iki, yaiku ... .
    A. Panjebar Semangat lan Jaya Baya
    B. Tropongbang lan Gambirsawit
    C. Mekarsari lan Jaka Lodhang
    D. Jemparing lan Pagagan

12. Koran kang terbit ing saben dina iku diarani uga ... .
    A. kalawarti
    B. ariwarti
    C. sasiwarti
    D. pekenari
13. Ing ngisor iki tuladhane tembung saroja yaiku ... .
    A. babak bundhas
    B. dawa tangane
    C. nagasari
    D. untu garu
14. Olehe nata barang mbok sing becik, aja ... bisa mbebayani.
    A. rujak wuni
    B. suwuk sembur
    C. tumpuk undhung
    D. abang-abang lambe
15. Langite katon ..., srengenge awan iku kumencar padhang.
    A. suka parisuka
    B. jembar bawera
    C. peteng dhedhet
    D. abang mbranang
16. Ing ngisor iki tuladhane tembung entar, *kejaba* ... .
    A. dawa tangane
    B. kandel kupinge
    C. jembar bawera
    D. dawa ususe
17. ꦒꦩ꧀ꦧꦸꦃ , yen disalin ing aksara Latin ... .
    A. Gambuh
    B. Dhandhanggula
    C. Sekar pucung
    D. Maskumambang
18. ꦲꦱ꧀ꦩꦫꦢꦤ , yen ditulis nganggo aksara Latin ... .
    A. Asmaradana
    B. Sekar pangkur

C. Durma
D. Sinom

Pucung
Bapak pucung rupane amemba gunung,
Tan ana kang tresna,
Kabeh uwong mesthi sengit,
Kang kanggonan den lus-elus tinangisan.

19. Tembang macapat ing dhuwur arane tembang ... .
    A. Sinom
    B. Gambuh
    C. Pucung
    D. Durma
20. Tembang macapat ing dhuwur awujud cangkriman, batangane yaiku ... .
    A. untu
    B. udun
    C. cantheng
    D. andheng-andheng

B. Wangsulana kang patitis!

1. Tembang ing ngisor iki golekana a) guru gatra, b) guru wilangan, lan c) guru lagune!

   Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung,
   dawa kaya ula,
   pencokanmu wesi miring,
   sing disaba si pucung mung turut kutha

2. Tulisen nganggo aksara Jawa!
   a. Gambuh
   b. Pangkur
   c. Maskumambang
   d. Egrang
   e. Gobag sodor

WULANGAN 5

EKOSISTEM

KOMPETENSI DASAR:
3.5 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks narasi atau deskripsi.

INDIKATOR:
3.5.1 Menjelaskan pengertian teks deskripsi.
3.5.2 Menjelaskan ciri-ciri teks deskripsi.
3.5.3 Mengidentifikasi teks deskripsi berdasarkan isinya.
3.5.4 Membedakan teks deskripsi dengan teks lainnya.

KOMPETENSI DASAR:
4.5 Membaca teks narasi atau deskripsi dengan teknik membaca.

INDIKATOR:
4.5.1 Membaca teks deskripsi dengan teknik membaca nyaring.
4.5.2 Menceritakan kembali isi teks deskripsi.
4.5.3 Menulis teks deskripsi sederhana.

Mbabar Wawasan




Gambar 5.1

Setitekna gambar 5.1!

1. Apa bocah-bocah tau weruh kahanan kaya kang kacetha ing gambar?
2. Tulisen apa wae kang bisa kokweruhi ing gambar kasebut?
3. Manut panemumu piye sesambungane kewan-kewan ing gambar karo tanduran-tanduran kang ana ing kono?
4. Manut panemumu kepriye hawane papan kang kacetha ing gambar 5.1?
5. Manut panemumu piye rasane yen kita urip ing sakiwa tengene kahanan kaya ing gambar?
6. Apa ing lingkunganmu isih ana sesawangan kaya ing gambar mau?
7. Kepriye panemumu yen ing sakiwa tengen kita ora ana wit-witan?
8. Apa kang bisa kita tindakake kanggo njaga lestarine alam?

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Ing pasinaon iki bocah-bocah diajak nyinau bab teks dheskripsi, titikane, idhentifikasine, lan mbedakake karo jinis teks liyane. Teks dheskripsi kang bakal karembug disuguhake kanthi tema "ekosistem". Ekosistem yaiku nuduhake sesambungan antarane makhluk urip lan makhluk mati ing sawijining panggonan. Bebarengan karo kancane maca teks dheskripsi kanthi seru, saengga bisa nyritakake isine teks dheskripsi nganggo basane dhewe. Sabanjure kanthi mandhiri lan kebak rasa seneng bocah-bocah diajak ajar nulis teks dheskripsi kang prasaja. Karepe supaya bocah-bocah bisa ngetokake uneg-uneg, idhe, lan panemune tumrap sawenehe kedadean.



Gambar 5.2

Jinise teks adhedhasar tujuan panulise

Teks dheskripsi

Teks kang ditulis kanthi tujuan ngandharake samubarang, jlentreh, njlimet, saengga sing maca kaya-kaya ngamati, ngrasakake, ndeleng, ngrungokake, utawa ngalami dhewe.

Titikane teks dheskripsi

1. Nggambarake samubarang kanthi cetha.
2. Njlentrehake samubarang kang nuduhake pakaryane indriya.
3. Pamaca kaya-kaya ngrasakake, nyawang, ngrungokake, lan ngalami dhewe kedadeane.
4. Njlentrehake samubarang kanthi nuduhake wujud, warna, ukuran, rasa, ganda, lan kahanan liyane.

Tuladha: 1

Sawah ing desaku isih jembar bawera. Galengan kang matesi kedhokan siji lan kedhokan liyane kaya klogete ula naga. Sesawangane nyata katon endah sinawang mata. Tandurane ijo royo-royo. Kali-kali banyune isih megung tur bening. Kumricike banyu kang mili nyandhung krikil-krikil cilik. Swarane keprungu kaya iringan musik. Saben dina para tani ngrasa ayem. Ngirit kebo lan sapine saperlu nggaru lan mluku.

Tuladha: 2

Kali ing desaku banyune isih alami tur resik. Ambane watara telung meteran. Bocah-bocah ciilik sing langen ora perlu samar. Ora ana uwuh kang kumambang. Gampeng saurute kali ditanduri suket ijo. Sisih kiwane kali sawah kang jembar. Tandurane pari jagung. Sisih tengene kali dalan kang nyambung desaku lan tangga desa liyane. Meh saben puluhan meter ana wot kanggo nyabrang wong-wong kang perlu makarya menyang sawah. Sinawang pancen nyata katon endah.

Tuladha: 3

Isih durung bisa daklalekake, sesawangan kang endah ing sadawane Pesisir Parangtritis. Ombake gedhe-gedhe kaya uber-uberan. Banyune bening. Saambane panyawang mung ana wedhi rupane putih. Ora ana kayu, wit-witan, apa dene watu kang ngalang-alangi panyawang. Saka kadohan katon gumuk-gumuk cilik. Sikilku krasa anyep amarga

kesempyok iline banyu segara. Nalika banyune nyiprat nganti lambeku, rasane krasa asin.

Tuladha: 4

Blumbang ing mburi omahku pancen nyengsemake. Kinupengan tetanduran maneka werna sing padha lagi mekar kembange. Jerune sakmeter seprapat. Ing njerone blumbang dicemplungi wit enceng gondhok. Blumbang ing mburi omah dianggo ngingu iwak grameh. Kajaba ngiras kanggo pakan grameh, godhong enceng gondhok kang ijo-ijo royo-royo kena kanggo ngiyup iwak. Ngingu grameh pancen butuh wektu suwe. Amarga saka kamurahane Gusti Kang Murbeng Dumadi, asile uga kena dijagakake.

Gladhen 1: Pangertene Teks Dheskripsi

Adhedhasar andharan ing dhuwur, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Terangna apa kang diarani teks dheskripsi?
2. Apa tujuane wong nulis teks dheskripsi?
3. Sebutna titikane teks dheskripsi!
4. Teks dheskripsi, njlentrehake samubarang kaya pakartine panca ndriya, terangna tegese!

Gladhen 2: Ngidhentifikasi Teks Dheskripsi

Sarampunge nyemak tuladha teks dheskripsi 1-4, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan kang paling bener!

1. Paragrap kapisan idhe pokoke yaiku....
   A. Sawah ing desaku.
   B. Sawah ing desaku isih jembar.
   C. Tandurane ijo royo-royo.
   D. Nggiring kebo sapine menyang sawah.
2. Paragrap kapindho idhe pokoke yaiku....

A. Kali ing desaku banyune isih alami tur resik.
B. Kali ing desaku.
C. Kali ing desaku jembar.
D. Kali ing desaku reged banget.

3. Paragrap katelu idhe pokoke yaiku....
   A. Isih durung bisa daklalekake, sesawangan kang endah ing sadawane Pesisir Parangtritis.
   B. Nalika banyune nyiprat nganti lambeku, rasane krasa asin.
   C. Sesawangan ing Parangtritis.
   D. Banyune krasa asin.
4. Paragrap papat idhe pokoke yaiku....
   A. Blumbang ing mburi omahku pancen nyengsemake.
   B. Amarga ana kamurahane Gusti asile uga kena dijagakake.
   C. Ngingu grameh pancen butuh wektu suwe.
   D. Blumbang omahku.

Gladhen 3: Nyemak Teks Dheskripsi

Teks ing ngisor iki semaken!

Gunung Bromo

Gunung Bromo iku sawijine gunung kanthi sesawangan kang endah ing laladan Kabupaten Probolinggo. Ing kawasan sakiwa tengene gunung beluk kabut kumebul sumundhul ngawiyat. Manuk-manuk pating sumliwer ing kupenge gunung. Thethukulan kang sarwa ijo ngrenggani saambane pereng. Saka kadohan katon kali kang iline banter. Swarane banyu gumrojog. Saking bantere cumiprat nyempyok gegodhongan. Hawane adhem. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe. Ana para tani sing nenandur bangsane woh-wohan. Saperangan ana kang nenandur janganan.

Wayah esuk ing kawasan Gunung Bromo endah banget. Ing sisih wetan katon sumamburat abang. Mbaka sethithik srengenge mencorong padhang. Sadawane sesawangan savana, suket ijo kaya dene gelaran. Embun-embun kang nelesi gegodhongan saya suwe ilang nguwap amarga srengenge tansaya panas. Wong-wong wis

miwiti pakaryane. Ana sing ngiderake jarane kanggo tetunggangan para wisatawan. Ana wong kang ngiderake panganan. Ana kang mider nunggang motor tril ngiteri kawasan gunung.

Uga ana andha tumuju pucuke gunung. Ing pucuke gunung ana beluk kumebul saka njerone gunung. Sapa dolan menyang Bromo, kaya aras-arasen ninggalake sesawangan kang nyata endah dinulu mata.

Bausastra

endah	:	apik	pakaryan	:	pegawean
laladan	:	wilayah, dhaerah	kawasan	:	wilayah,dhaerah
sumundhul	:	nyundhul	sumamburat	:	semu abang
awiyat	:	langit, akasa	savana	:	tanduran suket amba
kupenge	:	ubenge	gelaran	:	klasa
ngrenggani	:	ngembangi	wisatawan	:	wong wisata
thethukulan	:	wit-witan	midher	:	rana-rana
pereng	:	ereng-ereng	ngiteri	:	ngubengi
iwut	:	repot	dinulu	:	disawang

Pilihen aksara B yen pranyatan ing ngisor iki bener, lan aksara S yen salah!

1	Kawasan Gunung Bromo sesawangan katon endah.	B-S
2	Ing perenge Gunung Bromo ora ana tandurane.	B-S
3	Laladan Gunung Bromo hawane sumuk.	B-S
4	Pakaryane wong-wong ing kawasan Gunung Bromo tetanen.	B-S
5	Wisatawan ing Gunung Bromo akeh sing ora krasan.	B-S

Jangkepana ukara-ukara ing ngisor iki kanthi tetembungan kang mathuk!

1. Sakupenge Gunung Bromo ana sesawangan kabut, manuk-manuk, lan....kang ijo royo-royo. 2. Saben esuk saka pucuke Gunung Bromo .... kumebul sundhul akasa. 3. Kawasan Gunung Bromo hawane.... 4. Ing sadawane dalan perenge Gunung Bromo katon .... kaya gelaran. 5. Para wisatawan ngubengi laladan Gunung Bromo ana sing numpak motor tril lan....	A. sumuk B. thethukulan C. savana D. beluk E. jaran F. adhem

Gladhen 4: Mbedakake Teks Dheskripsi lan Teks Liyane


Adhedhasar tujuane nulis, ana karangan kang wujude teks dheskripsi, narasi, eksposisi, persuasi, lan argumentasi.

dheskripsi

Menehi gambaran samubarang marang kang maca, nganti sing maca kaya ngrasakake, nyawang, ngrungokake, lan ngalami dhewe.

narasi

Nerangake saweneh kegiatan kanthi runtut lan jelas, nganti sing maca kaya ngalami tenan.



Aranana paragrap-paragrap ing ngisor iki kalebu jinise paragrap apa, kanthi nyoret pilihan kang salah, banjur wenehana alasan!

Pesisir Parangtritis nyata endah. Sesawangane kang elok njalari para wisatawan grudug-grudug kepengin nyekseni. Emane, saperangan masyarakat Indonesia ana kang nganggep gawat. Awit anane mangsa kala Nyai Rara Kidul kang dianggep ngembani pesisir kono nyuwun ditumbali. Para ahli wis nerangake yen anane korban kang ilang ing pantai amarga keseret ombak gedhe.

Paragrap : dheskripsi/ narasi/ eksposisi/ argumentasi/ persuasi
Alasan :

Bapak, Ibu, lan para sedherek ingkang kula kurmati,
Sampun pitung dasa setunggal tahun Indonesia mardika. Ewa dene taksih kathah ingkang dereng ngraosaken kamardikan. Ngantos sapunika taksih wonten ingkang dijajah. Dijajah HP, TV, narkoba lan sanes-sanesipun. Mangga kita indhakaken raos tresna kita dhateng bangsa, supados kita dados bangsa ingkang luhur.

Paragrap : dheskripsi/ narasi/ eksposisi/ argumentasi/ persuasi
Alasan :

Omahku pancen ndesa, nanging kahanane nyenengake banget. Hawane seger karana akeh tanduran sakiwa tengene. Ing latar kang ora pati jembar bisa ditanduri woh-wohan, rambutan, pelem, lan jeruk. Ing mburi omah uga ana wit salak rong dhapur. Ing emper ngarep omah ana tanduran kembang mlathi. Saben sore aku lan adhiku siram-siram kembang. Gandane semribit wangi.

Paragrap : dheskripsi/ narasi/ eksposisi/ argumentasi/ persuasi
Alasan :

Pasinaon 2:
Makarya Bebarengan

Ing pasinaon iki para siswa diajak ajar maca teks dheskripsi. Bebarengan karo kancane salah siji maca seru, sing liyane nyemak. Sabanjure ngonceki isine. Kanthi seneng bebarengan ngandharake

isine teks dheskripsi. Kanthi semangat kang tulus para siswa digladhi ngrakit teks dheskripsi karo kancane saklompok.

Gladhen 1: Maca Teks Dheskripsi

Wacanen teks dheskripsi ing ngisor iki kanthi seru!

OMAHKU

Omahku cilik, cekli tur resik. Swasana ing omahku ayem tentrem. Ing omah aku karo bapak, ibu, lan adhiku. Amarga batihe cacah papat, mula diarani catur warga. Omahku pancen prasaja, nanging kanggoku wis apik tur nyenengake. Ing pekarangan ngarep omah ana tanduran pelem, jambu, jeruk, lan rambutan. Mulane omahku katon ayom. Ing ngisor wit pelem ana dhompal nggo lungguhan. Ing tritis teras ditanduri kembang mawar, mlathi, lan krokot. Yen wayah ngembang latarku kaya taman. Wayah sore aku lan adhiku ajeg siram-siram kembang. Gandane amrik angambar.

Senajan omahku ing karang padesan, nanging adoh saka sawah. Kaya omahe warga liya-liyane, meh saben omah duwe tanduran kang akeh banget mupangate. Bu RT sing ngajak wargane nenandur. Kajaba kekembangan lan woh-wohan, uga toga. Kanggo warga kang pekarangane ora pati amba utawa ora duwe pekarangan, bisa nenandur ing tabulampot. Dene pot-pote bisa wae nggunakake plastik-plastik limbah. Warga desaku pancen guyub rukun. Saben wektu dianakake gugur gunung. Lanang wadon, gedhe cilik, bebarengan reresik lingkungan. Umpama ana lomba lingkungan resik tur sehat, desaku pantes oleh juwara.

Nalika kancamu maca seru ing ngarep, liyane nyemak lan ngisi kolom kang kasedhiyakake.

No.	Nama	Vokal	Intonasi	∑ Skor	∑ Nilai
1					
2					
3					

4					
5					
6					
Lsp...					

Katrangan Skor:
Vokal :5 – 20
Intonasi :5 – 20
Skor maks :40
Nilai :SP/SM x 10

Gladhen 2: Ndhudhah Isine Teks Dheskripsi

Sarampunge maca teks dheskripsi ing dhuwur, sampurnakna ukara-ukara ing ngisor iki kanthi njangkepi nganggo tembung kang cocog!

1. Omahku cilik, cekli tur....
2. Kulawargaku batihe papat mula diarani....
3. Ing latar ngarep omahku ana tandurane pelem, jambu, ... lan....
4. Kembang ing tritis teras omahku gandane....
5. Warga desaku padha nenandur woh-wohan, kekembangan, lan....

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri

Ing pasinaon iki didudohake gambar-gambar ekosistem. Para siswa kanthi mandhiri bisa njingglengi. Sabanjure saka gambar kasebut kanthi tliti bocah-bocah bisa ngrakit ukara.

Gladhen 1: Nulis Teks Dheskripsi

1. Gatekna gambar 5.3.



Gambar 5.3

(1) Tulisen idhe pokoke kang mathuk!
(2) Sebutna apa wae kang kacetha ing gambar!
(3) Kepriye sesambungane antarane barang-barang kang kacetha ing gambar?
(4) Gawea ukara 1 – 5 sing bisa aweh katrangan isine gambar kasebut!

2. Gatekna gambar 5.4.



Gambar 5.4

(1) Tulisen idhe pokoke kang mathuk!
(2) Sebutna apa wae kang kacetha ing gambar!
(3) Kepriye sesambungane antarane barang-barang kang kacetha ing gambar?
(4) Gawea ukara 1 – 5 sing bisa aweh katrangan isine gambar kasebut!

3. Gatekna gambar 5.5.



Gambar 5.5

(1) Tulisen idhe pokoke kang mathuk!
(2) Sebutna apa wae kang kacetha ing gambar!
(3) Kepriye sesambungane antarane barang-barang kang kacetha ing gambar?
(4) Gawea ukara 1 – 5 sing bisa aweh katrangan isine gambar kasebut!

Gladhen 2: Menehi Tanggapan Tulisane Kancane

Sawise rampung anggonmu nulis teks dheskripsi, coba ijolna karo kancamu. Sabanjure wenehana panemu ngenani tulisane kancamu supaya dadi luwih apik.

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 5

Kebun Teh Jamus

Kebun teh jamus mapan ana ing kutha Ngawi. Papan iki kalebu papan wisata unggulan kang bisa dadi jujugane para wisatawan. Saben wayah preian mesthi akeh para wisatawan sing padha plesiran ing papan kene. Saliyane hawane adhem papan iki uga nyuguhake sesawangan kang endah nyengsemake ati. Nalika para wisatawan mlebu ing papan iki bakal disuguhi wit-witan teh kang ijo royo-royo. Ing papan kono uga, ana sawijining sumber lanang lan wadon kang banyune bening tur seger. Mula ora mokal menawa papan iki dadi aset wisata kang perlu dilestarekake.

I. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi milih salah siji wangsulan kang bener!

1. Manut wacan kasebut, irah-irahan wacan ing dhuwur ....
   A. Kebun Teh Jamus
   B. Ngawi Kutha Wisata
   C. Papan Plesiran
   D. Sumber lanang lan wadon
2. Wacan kasebut kalebu teks gancaran ....
   A. narasi
   B. eksposisi
   C. dheskripsi
   D. persuasi
3. Kebun Teh Jamus mapan ing kutha ....
   A. Madiun
   B. Ngawi
   C. Malang
   D. Mojokerto
4. Papan iki rame banget nalika ngepasi ....
   A. riyaya
   B. sekolah
   C. preian
   D. ulangan

5. Kutha Ngawi kalebu ing wewengkon Provinsi ....
   A. Jawa Tengah
   B. Jogyakarta
   C. Jawa Barat
   D. Jawa Timur
6. Saliyane nyuguhake sesawangan wit-witan kang asri papan iki uga nyuguhi ....
   A. warung-warung
   B. sawah kang amba
   C. sumber lanang lan wadon
   D. alas kang wingit
7. Salah sijine titikane teks dheskripsi ....
   A. nggambarake kedadean kanthi cetha.
   B. pamaca ora bisa nggambarake kedadean.
   C. kabeh kedadean diurut kanthi urutan wektu.
   D. pamaca ora bisa ngrasakake utawa ngangen-angen kedadean kang ana.
8. Saben liwat, tanduran sinawang ijo ....
   A. memplak
   B. royo-royo
   C. mbranang
   D. gadhing
9. Kanggo nglestarekake lingkungan, bocah-bocah kudu mbuwang uwuh ing ....
   A. panggon uwuh
   B. kali
   C. ngarep omah
   D. pasar
10. Gancaran kang isine njlentrehake kedadean kanthi urutan wektu diarani teks gancaran ....
   A. dheskripsi
   B. eksposisi
   C. narasi
   D. eksposisi
11. Saben preian akeh wisatawan kang padha plesiran. *Plesiran* tegese ....
   A. sekolah

B. liburan
C. dolan
D. rekreasi

12. *Saben sore simbah lungguh ing teras ngarep*. Ukara kasebut yen diowahi nganggo tembung krama inggil ....
A. Saben sore simbah lenggah ing teras ngajeng.
B. Saben sonten simbah lungguh ing teras ngajeng.
C. Saben sonten simbah lenggah ing teras ngajeng.
D. Saben sonten simbah lenggah ing griya ngajeng.

13. Sampun jam sekawan ibu dereng rawuh saking kantor. Tembung *rawuh* ngoko aluse ....
A. dugi
B. mulih
C. teka
D. wangsul

14. Adhik tuku lele. *Tuku lele* yen ditulis nganggo aksara Jawa ....
A. ꦠꦸꦏꦸꦭꦺꦭꦺ
B. ꦢꦸꦠꦸꦭꦺꦭꦺ
C. ꦭꦸꦏꦸꦭꦺꦭꦺ
D. ꦢꦸꦏꦸꦭꦺꦭꦺ

15. ꦚꦶꦫꦩ꧀ꦏꦼꦩ꧀ꦧꦁ yen ditulis Latin unine ....
A. nyiram kembang
B. siram kembang
C. nyirami kembang
D. nyiram kambang

II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki manut prentahe!
1. Sebutna titikane wacan teks dheskripsi ....
2. Apa sing dimaksud ngenani wacan narasi ....

3. Sebutna kegiatan ing sekolahmu kanggo njaga karesikan lingkungan ....
4. Ukara ing ngisor iki owahana nganggo tembung krama inggil.
   a. Bapak ora sida lunga amarga ana tamu.
   b. Ibu menyang pasar tuku sayuran.
   c. Adhik dikongkon ibu tuku gula.
5. [illegible] manawa ditulis Latin unine ....

WULANGAN 6

PERANGANE AWAK

KOMPETENSI DASAR :

3.6 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi berbagai ragam gaya bahasa (*basa rinengga)* dalam konteks komunikatif.

INDIKATOR:

3.6.1 Menjelaskan pengertian tembung panyandra.
3.6.2 Menjelaskan ciri-ciri tembung panyandra.
3.6.3 Menjelaskan pengertian tembung panyendhu.
3.6.4 Menjelaskan ciri-ciri tembung panyendhu.
3.6.5 Menjelaskan pengertian pepindhan.
3.6.6 Menjelaskan ciri-ciri pepindhan.
3.6.7 Menjelaskan pengertian parikan .
3.6.8 Menjelaskan ciri-ciri parikan.
3.6.9 Mengidentifikasi tembung panyandra, panyendhu, pepindhan, dan parikan.

KOMPETENSI DASAR:

4.6 Menulis teks dengan basa rinengga sesuai dengan kaidah dan konteksnya.

INDIKATOR:

4.6.1 Menulis teks dengan tembung panyandra.
4.6.2 Menulis teks dengan tembung panyendhu.
4.6.3 Menulis teks dengan tembung pepindhan.
4.6.4 Menulis teks dengan tembung parikan.

Mbabar Wawasan

Tembang Dolanan

CANDRANE ADHIKU

0 5 | 5 5 5 5 | i 5 . 5 | 2 3 2 3 | 5
Can – dra – ne a – dhi – ku si Wi – da – da

0 3 | 3 3 3 3 | 3 3 . 3 | 2 3 2 3 | 5
Bun – der im – pleg im – pleg hem, ka ya nra - da
0 3 | 3 3 3 3 | 3 3 . 3 | 2 3 2 3 | 5
Jo – ged mendhek-mendhek hem, ing pen-dha – pa

i 6 | 5 1 6 | 5 5 2 5 | 3 3 2 2 | 1 ||
Anggep-e, can-dra ne ka-ya Raden Gathut ka-ca



Gambar:6.1

2. Candrane adhiku, aran Boleng
   Mata loro kera hem, kaya Gareng
   Mlaku cingkag – cingkig, ing pendhapa
   Anggepe, candrane kaya Prabu Menakjingga



Gambar 6.2

3. Candrane adhiku, aran Agus
   Dhasar bocah bagus, nyata besus
   Rambut modhel baru ganda wangi
   Anggepe, candrane kaya gayane penyanyi



Gambar 6.3

Setitekna tembang telung pada ing dhuwur sagambare!

1. Tembangna bebarengan karo kancamu!
2. Apa bocah-bocah weruh sapa kang ana ing gambar 6.1?
3. Apa bocah-bocah weruh sapa kang ana ing gambar 6.2?
4. Kepriye panemumu marang gambar 6.3?

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Ing pasinaon iki kita isih ngrembug bab basa rinengga. Ing pamulangan telu wis karembug saperangan basa rinengga. Apa bocah-bocah isih kelingan? Ana kang diarani tembung saroja, tembung camboran, lan tembung entar. Dene ing pasinaon iki kang bakal karembug, yaiku panyandra, panyendhu, pepindhan, lan parikan. Sabanjure bocah-bocah bisa nerangake sarta mbedakake apa kang diarani tembung panyandra, panyendhu, pepindhan, lan parikan. Kanthi makarya bebarengan bisa milah-milahake basa rinengga kang ana wacan. Kanthi mandhiri bocah-bocah uga diajab bisa nulis teks nganggo basa rinengga kasebut.


Semaken teks tembang iki!



Gambar 6.4

Gajah – Gajah

Jah, gajah
Kowe dakkandhani
Mata kaya laron
Siyung loro kuping gedhe
Kathik nganggo tlale
Buntut cilik
Tansah kopat-kapit
Sikil kaya bumbung
Awak kaya lesung
Mung lakumu
megol-megol gawe guyu



Basa Rinengga yaiku: basa endah utawa basa sastra kang endahe karana dipaesi/direngga-rengga utawa dirumpaka. Mula basa rinengga uga diarani rumpakan. Kang kalebu basa rinengga yaiku: tembung camboran, saroja, entar, panyandra, panyendhu, pepindhan, parikan, purwakanthi, dasanama, lan sapanunggalalane. Lumrahe basa rinengga kanggo nulis kasusastran (tembang/ guritan/ drama/ pewayangan, lan sapanunggalane) Ing pasinaon iki bakal ngrembug panyandra, panyendhu, pepindhan lan parikan.

Tuladha:

No.	Jinise Basa Rinengga	Katrangan	Tuladha
1	Panyandra	Tetembungan utawa ukara kang digunakake kanggo ngalembana.	Alise nanggal sepisan.
2	Panyendhu	Tetembungan utawa ukara kang digunakake kanggo nyemoni/ nacad.	Nggenthong umos
3	Pepindhan	Ukara kang digunakake kanggo madhakake samubarang kang tegese kaya. (kaya, pindha)	Polahe kaya gabah den interi.
4	Parikan	Ukara kang kedadean saka sampiran lan isi.	Abang-abang ora legi, klambi abang merak ati.

Gladhen 1: Nyemak Teks Tembang kang Ngandhut Basa Rinengga

Adhedhasar tembang lan andharan ing dhuwur, wangsulana pitakon ing ngisor iki!

(1) Apa kang diarani basa rinengga?
(2) Sebutna jinise basa rinengga!
(3) Apa kang diarani panyandra?
(4) Wenehana tuladha panyandra, cacah loro wae!
(5) Apa kang diarani panyendhu?
(6) Wenehana tuladha tetembungan utawa ukara panyendhu, cacah loro wae!
(7) Apa kang diarani pepindhan?
(8) Wenehana tuladha pepindhan, cacah loro wae!
(9) Apa kang diarani parikan?
(10) Wenehana tuladha parikan siji wae!

Gladhen 2: Nggolongake Panyandra, Panyendhu, Pepindhan, lan Parikan

A. Wenehana tandha panah (⟶) tembung-tembung ing kolom kiwa karo jinise basa rinengga ing sisih tengene sing cocog!

1. Godhong waru bolong-bolong, bocah ayu moblong-moblong
2. Tandange kaya bantheng ketaton.
3. Bangkekane nawon kemit.
4. Gandane arum jamban.
5. Polahe kaya sikatan nyamber walang.
6. Cipir mrambat kawat, ora mampir pokok liwat.
7. Lambene guwing.
8. Pipine nduren sajuring.
9. Enthenge kaya kapuk.
10. Tangane cekot.
11. Lembehane mblarak sempal.
12. Cilik-cilik gelange karet, isih cilik aja kesed.
13. Rambute ngembang bakung.
14. Santen toya klapa, cekap semanten atur kula.
15. Lakune kaya macan luwe.

- panyandra
- panyendhu
- pepindhan
- parikan

Gladhen 3: Njingglengi Teks mawa Tembung Entar

Jingglengana wacan ing ngisor iki!

LINTANG PANJER RINA

Sinta Ayu Kartika bocah wadon kang ayu rupane. *Pawakane lencir*. *Kulitane kuning*. Ing sekolah karan Sinta ngono wae. *Sasolahe gandhes luwes*. *Eseme merak ati. Antenge kaya Dewi Sembadra*. *Eseme ngujiwat*. *Patrape alus anuraga* kaya kurang candra turah rupa. Sinta ora ana cacade siji-sijia.

Sore kuwi Sinta mlaku-mlaku menyang kutha karo bapak lan ibune. *Bayem erine, ketan pulukane. Sinta rumangsa ayem atine,*

ketekan panyuwune. Pak Harjo, bapake Sinta arep mundhutake sepedha jengki anyar. Sinta mentas wae dadi juwara lomba nembang. Senajan lomba nembang kuwi mung dianakake ing sekolah, nanging wong tuwane Sinta rumangsa mongkog atine. Ing jaman sarwa modern iki, putrane bisa dadi juwara nembang.

Polahe wong ing kutha kaya gabah diinteri. Lakune wong ngalor, ngidul, ngetan bali ngulon, padha golek rejeki dhewe-dhewe. Ing antarane wong kemrubut nguber rejekine, ana sawijine bocah cilik kang uga golek urip. Sinta rumangsa welas nyawang bocah kang pancen memelas, *irunge gruwung*, *lakune kecincugan, tangane sing cekot* ngathung nadhahi rejeki saka kawelasane wong liwat.


"Godhong klaras godhong kemangi, bocah memelas luru rejeki." Batine Sinta karo ngulungake dhuwit sangune marang bocah cilik kuwi.


"Matur nuwun, Mbak." kandhane Si bocah karo nampani dhuwite Sinta. Sinta manthuk karo nguncalake *eseme kang kaya madu*.

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki adhedhasar wacan ing dhuwur!

1. Sapa sing mlaku-mlaku?
2. Apa sebabe wong mau mlaku-mlaku?
3. Ing ngendi wong mau olehe mlaku-mlaku?
4. Arep nyapa wong mau mlaku-mlaku?
5. Bocah sing mlaku-mlaku mau weruh sapa?
6. Kepriye kahanane bocah kang diweruhi?

B. Tembung-tembung kang kacithak miring ing wacan, golongna manut jinise!





Pasinaon 2
Makarya Bebarengan

Ing pasinaon iki bocah-bocah kaajak njingglengi wacan supaya bisa mbedakake tembung panyandra, panyendhu, pepindhan lan parikan. Kanggo nuwuhake rasa gregete marang pasinaon pakaryan iki bisa katindakake kanthi klompok.

Wacanen kanthi setiti wacan ing ngisor iki!

PANGGAH SENENG

Awan kuwi Bima sakancane *dhampyak-dhampyak* menyang lapangan. Bocah-bocah *ora ngreken* senajan *panase kaya mecah-mecahake gundhul*. Betheke mung kepengin enggal ketemu Badrun sakancane. Sejane Bima lan kancane sa- RT, arep *musuhan bal-balan* karo bocah-bocah RT-ne Badrun.

Kancane Bima apa dene kancane Badrun sajake olehe mlaku *pethenthang-pethentheng* kaya pemain sing wis gamben. Kanca-kancane sing ora dadi pemain ngetutake ing mburine. *Lakune anglur selur kaya ora ana pedhote*.

Pancen ya bal siji direbut bocah rolikur, mula polahe bocah ya *kopat-kapit kaya buntute ula*. Kabeh olehe *mlayu nganti krenggosan*. *Keploke wong ndelok kaya bata rubuh*. Sing mloya-mlayu isih bisa mesem ngguyu.

Rampunge bal-balan Bima sakancane bisa ngalahake Badrun sakancane kanthi biji 1 – 3. Sing menang *senenge kaya nampa gunung mas*, nanging Badrun sakancane sing kalah ora susah. Mung *ambegane mengkis-mengkis. Lakune nganti dheyog-dheyog*. Kancane Badrun malah ana sing *sikile nganti dhingklang*. Lakune kaya *baladewa ilang gapite*. Ewa dene isine mung seneng.

Ora maido yen balane Badrun kalah pancen kahanane *kaya timun mungsuh duren. Tuku tempe wadhahe tampah, mungsuhe gedhe mulane kalah*. Ujare sing ndelok marang Badrun sabalane. *Kena lateng ing tegalan, Bima sakancane seneng menang bal-balan*. *Kene lateng kana ya lateng, sing bal-balan seneng, sing ndelok uga seneng*.

Gladhen 1: Njingglengi Wacan

Sarampunge nyemak wacan ing dhuwur wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi klompok karo kancamu!

1. Sore kuwi Bima karo kancane sa- RT nyapa?

2. Kena apa Bima sakancane ora ngrewes panas?
3. Yen Bima wis ketemu Badrun arep nyapa?
4. Kepriye lakune Bima lan Badrun sakancane?
5. Kepriye polahe bocah-bocah kang ngrebut bal ing lapangan?
6. Kepriye swarane sing ndelok?

Gladhen 2: Mbedakake Panyandra, Panyendhu, Pepindhan, lan Parikan Jroning Wacan

Jangkepana tabeling ngisor iki adhedhasar tetembungan kang kagaris ngisor ing wacan dhuwur! Tindakna kanthi klompok!

No.	Basa Rinengga	Tetembungan/Ukara jroning Wacan
1	Panyandra	
2	Panyendhu	
3	Pepindhan	
4	Parikan	

Gladhen 3: Mbedakake Panyandra, Panyendhu, Pepindhan lan Parikan

Jangkepana ukara-ukara ing ngisor iki kanthi basa rinengga kang wis cumepak!

1. Senajan irunge....kancaku sing aran Santi kuwi isih katon manis.
2. Mira tangane.... mula yen njoged bisa luwes.

3. Polahe kaya....dikongkon lungguh sedhela wae ora bisa.
4. Cipir mrambat kawat....
5. Lambene....senajan ora bibiran wis katon abang.
6. Senajan tangane.... nanging Wagiman bisa nulis kanthi lancar.
7. Bocah-bocah nganggo sragam putih disawang kaya....
8. Untune....dhasar rupane putih, yen mesem katon manis.
9. Parmin sikile....nanging yen balapan mlayu isih bisa ngalahake Badrun.
10. Ireng-ireng gorengan kopi,....

1. atine seneng juwara siji
2. nanggal sepisan
3. kedhe
4. ora mampir angger liwat
5. gabah diinteri
6. pesek
7. manggis karengat
8. bantheng ketaton
9. nggandhewa pinenthang
10. mliwis baris
11. miji timun
12. dhingklang

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri

Pasinaon iki bocah-bocah kaajak sinau bab basa rinengga kanthi mandhiri.

Gladhen 1 : Ndandani Tetembungan dadi Panyandra kang Mathuk

Jangkepana tembung-tembung ing ngisor iki supaya dadi panyandra kang mathuk!

1. Rambute....

2. Bangkekane....
3. Alise....
4. Tangane....
5. Lembehane....

Gladhen 2 : Ngrakit Ukara nganggo Tembung Panyendhu

Gawea ukara nganggo tembung-tembung kang wis dicepakake!

No.	Panyendhu	Ukara
1.	lambene guwing	
2	bokonge tepos	
3	irunge pesek	
4	sikile dhingklang	
5	tangane cekot	

Gladhen 3 : Ngrakit Ukara Pepindhan

Jangkepana tembung – tembung ing ngisor iki supaya dadi pepindhan kang mathuk!

1. Tandange kaya....
2. Polahe kaya....
3. Sing nganggo klambi kuning kumpul karo kuning kaya....
4. Sing nganggo klambi putih kumpul karo putih kaya....
5. Swarane kaya ....
6. Ireng kumpul padha ireng kaya ....

UJI KOMPETENSI
WULANGAN 6

Wacanen kang patitis!

Ketua Kelasku

Wijaya Putra pancen bocah kang pinunjul, ora mung lantip pikire nanging uga awake uga gagah pideksa kaya Raden Gathutkaca, mripate blalak-blalak, alise nanggal sepisan. Anggone tandang gawe ya ora nguciwani, cukat trengginas kaya sikatan nyamber walang. Mula ora salah menawa dheweke kepilih dadi ketua kelas.

Kembang pakis uripe ing cedhak wit luntas, wis lumrahe sing wasis pinilih ketua kelas. Ora bakal wong sing sarwa kekurangan pinilih dadi pimpinan, kaya bocah sing ora ngukur karo awake dhewe kae, wis ora pinter, kumalungkung, nggenthong umos, lakune gejig, sikile pengkor, awake ambune arum jamban, wis ora ana apike babar pisan kok ya…nyalonake dadi ketua kelas, mung ngendelake wong tuwane sing sugih brewu. ….Eh ora pareng ngandha wong liya mundhak dadi ora apik, tur maneh awake dhewe durung mesthi luwih apik saka dheweke.

Muga-muga wae Wijaya Putra besuk bisa mimpin kelas iki kanthi apik. Bisa ndadekake kelas iki apik ing sekolah, syukur bage bisa nggawa jeneng sekolah ana ing tingkat kecamatan, kabupaten apadene nasional.

I. Pilihen jawaban A, B, C utawa D kang bener!

1. Wacan sing wis kokwaca ing dhuwur kanthi irah-irahan ….
   A. Wong sing kumalungkung
   B. Bocah kang pinter
   C. Ketua Kelas
   D. Panyandra kanggo bocah
2. Miturut wacan ing dhuwur ketua kelase aran ….
   A. Bambang Priyono
   B. Wijaya Putra

C. Prayitna Suwondo
D. Putra Wijawa

3. Ketua kelas ing wacan iku dicandra, mripate ....
   A. ndamar kanginan
   B. nanggal sepisan
   C. blalak-blalak
   D. nggendhewa pinenthang
4. Ukara kang ana ing wacan sing kalebu parikan yaiku ....
   A. Kembang pakis uripe ing cedhak wit luntas, wis lumrahe sing wasis pinilih ketua kelas.
   B. Mula ora salah menawa dheweke kepilih dadi ketua kelas.
   C. Ora pareng ngandha wong liya mundhak dadi ora apik, tur maneh awake dhewe durung mesthi luwih apik saka dheweke.
   D. Muga-muga wae Wijaya Putra besuk bisa mimpin kelas iki kanthi apik, bisa ndadekake kelas iki apik ing sekolah.
5. Cukat trengginas kaya sikatan nyamber walang iku kanggo mindhakake ....
   A. sesambate
   B. tingkah polahe
   C. tandang gawene
   D. anggone kekancan
6. Bocah wadon kae ayune kaya widodari, pikirane lantip, nanging embuh amarga apa gandane arum jamban. Arum jamban ing ukara iku tegese ....
   A. wangi banget
   B. nuwuhake ganda arum kang ora ana enteke.
   C. banger banget
   D. gandane arum wangi nengsemake ati
7. Bocah kuwi ayu tenan, rambute ngandhan-andhan, tangane nggandewa pinenthang, bangkekane ....
   A. jambe sinigar
   B. nawon kemit
   C. ndamar kanginan
   D. mucuk eri
8. Ana ing Pawayangan kang duwe mata kera yaiku ....
   A. Baladewa
   B. Bagong

C. Nala Gareng
D. Narada

9. Kanggo ngarani perangane awak sing apik-apik diarani ....
   A. parikan
   B. panyendhu
   C. bebasan
   D. panyandra
10. Basa kang endah utawa basa sastra, endahe karana dipaesi/direngga-rengga utawa dirumpaka diarani....
   A. basa krama
   B. basa rinengga
   C. basa bagongan
   D. basa krama desa

II. Golekana gandhengane antarane kolom kiwa karo kolom tengen!

1. Kuning padha kuning ngumpul dadi siji lir pendah podhang rereton	a. panyendhu
2. Bocah kuwi pancen merak ati, untune miji timun, drijine mucuk eri.	b. parikan
3. Manuk emprit nucuki sega krawu, dadi murid kudu sregep sinau.	c. paribasan
4. Dadi murid kudu sregep sinau aja kaya bocah kae, mung nggenthong umos mula ora landhep pikire.	d. panyandra
5. Bocah kok ora kena dikandhani, becik ketitik ala ketara	e. pepindhan

III. Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Apa bedane antarane panyandra karo panyendhu ?
2. Apa sing diarani parikan iku ?
3. Apa sing kokngerteni ngenani pepindhan ?
4. Gawea tuladha ukara kang mujudake panyandra!
5. Gawea tuladha ukara kang mujudake parikan!

WULANGAN 7
KABUDAYAN JAWA

KOMPETENSI DASAR

3.5 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi teks cerita pewayangan.

INDIKATOR

3.5.1 Menyebutkan contoh lakon wayang.
3.5.2 Menyebutkan unsur intrinsik cerita wayang.
3.5.3 Menjelaskan pesan moral dalam teks wayang.

KOMPETENSI DASAR

4.5 Menceritakan kembali cerita *wayang* secara tulis dan lisan.

INDIKATOR

4.5.1 Membaca nyaring teks cerita wayang.
4.5.2 Membuat ringkasan cerita wayang.
4.5.3 Menceritakan kembali isi cerita wayang.

Mbabar Wawasan

Iki gambare sapa?



akarpadinews.com



wayang.wordpress.com

Wayang iku asale saka tembung yang/hyang. Wiwitane anane wayang iku dadi srana kanggo muji syukur, nelakake rasa panuwun marang Gusti Kang Murbeng Gesang. Mula saka iku wayang angel dipisahake karo wong Jawa. Sebab wayang nuduhake watak religius, ngabekti (taqwa) marang Gusti Kang Maha Suci, lan iku watak kapribadene wong Jawa.

Wayang iku kabudayan asli Jawa. Malah ing tanggal 7 Nopember 2003 wayang wis diakoni dening UNESCO minangka kabudayan luhur warisan kanggo donya saka bangsa Indonesia. Tegese jagad iki ngakoni menawa wayang iku kabudayan kang luhur. Sapa bae sing gelem nyemak isi lan pitutur kang ana ing wayang, bakal dituntun ing dalan kabecikan, yaiku margane kautaman.

Saka gambar ing dhuwur wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Sebutna sapa kang kacetha ing gambar kapisan!
2. Sebutna sapa kang kacetha ing gambar kapindho!

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Ing pasinaon 1 iki para siswa bakal nyinau teks crita wayang. Kaajab lumantar crita wayang iki bisa dijupuk isi, pitutur luhur, lan kaendahan

basane. Kabeh mau lelandhesane rasa tresna marang kabudayan Jawa minangka kabudayan nasional kang luhur.
Bebarengan karo kanca sabangku lan klompok, para siswa bisa ngembangake watak ajen-ingajenan, jujur, dhisiplin, lan tanggung jawab. Para siswa kaajab bisa nulada kabecikane para satriya Pandhawa lan ngedohi watak jahat-wengise Kurawa.

Gatekna tuladha teks ing ngisor iki!

Bale Sigala-gala



archive.kaskus.co.id

Becik ketitik, ala ketara paribasan iku tegese sapa kang tumindak becik lan sapa kang tumindak ala bakal ketara dhewe ing tembe burine. Kaya lelakone Pandhawa lan Kurawa, kadang Pandhawa tansah nuduhake watak kang becik, seneng tetulung, *lila legawa*, pasrah marang Gusti Kang Maha Kawasa.

Kosok baline kadang Kurawa dadi manungsa kang *adigang adigung adiguna*, seneng ngina sapepadha, *atine ana erine* tansah nuruti hawa nepsu *angkara murkane*. Apa maneh nalika pamane, yaiku Patih Sengkuni ana ing cedhake, saya ndadra, *murang tata*, lan ninggal *tatakrama*ne.

Sore iku ing alun-alun Hastinapura, Pandhawa lan Kurawa lagi dolanan bareng.

"Adhiku Yudhistira," alus tembunge Duryudana.

"Kepriye Kakang?"

"Kanggo ngundhakake kawruhmu, lan bisa cedhak karo kawula cilik, si adhi lelima wis takaturi ameng-ameng, lelana brata,"

“Sampun kuwatos, sampun wonten pesanggrahan endah asri kagem sare Panjenengan lan Ibu Kunthi ing tlatah Waranawata” pambujuke Patih Sengkuni.

“Iya Dhi. Mengko si Puracana kang bakal ngladeni kabeh kang dadi kersamu sakadang,”

Wusana Pandhawa lima lan Ibu Kunthi pamitan marang Eyang Bhisma, Prabu Dhestarastra, lan Paman Yama Widura. Anane mung manut lan rila legawa. Awit percaya yen kabeh lelakone manungsa iku wis pinesthi dening Gusti Kang Murbeng Dumadi.

Kawruh Bab Piranti ing Pagelaran Wayang

Akeh sing durung weruh, piranti apa bae kang digunakake ing pagelaran wayang kulit. Piranti kang digunakake ing antarane, yaiku:

No.	Aran	Katrangan
1	Wayang kulit	Wayang kang digawe saka kulit. Wayang iki kang dadi paraga ing lakon. Wayang kulit lumrahe digawe saka kulit sapi.
2	Kelir	Mori, kain putih kang didadekake geber. Kelir iki nggambarake jagad, papan panggonan dumadine crita utawa lakon. Nonton wayang kulit iku dhek jaman biyen ing saburine kelir kang kesorotan blencong.
3	Blencong	Lampu, pepadhang kang madhangi kelir. Ayang-ayange wayang kang diobahake Ki Dhalang, kang ndadekake pagelaran wayang kulit iku narik ati lan nggumunake. Sebab bisa kaya urip lan memper karo lelakone manungsa ing donya iki.
4	Gedebog	Gunane kanggo nancepake wayang. Ana wayang kang ditata ing kiwa lan tengen, jenenge simpingan. Ana wayang sing bakal diobahake, dicritakake Ki Dhalang.

5	Cempala	Digawe saka kayu, dithuthukake ing kothak dening Ki Dhalang. Cempala diarani uga keprak. Gunane akeh banget. Ki Dhalang menehi ada-ada utawa pratandha kanthi cempala.
6	Kepyak	Wujud wilahan tipis, cacahe 3-4 lapis. Gunane meh padha karo cempala, mung swarane kang beda. Unine kepyak iku krana dijejeg Ki Dhalang, bisa uga amarga dithuthuk nganggo cempala.

Ayo iki apa jenenge?











Gladhen 1: Nyemak Teks Wayang

Sawise nyemak teks wayang *Bale Sigala-gala* lan piranti ing pagelaran wayang, wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Apa tegese paribasan "becik ketitik, ala ketara"?
2. Kepriye watake Pandhawa lan Kurawa?

3. Kepriye watake Kurawa nalika cedhak karo Paman Sengkuni?
4. Pandhawa dikongkon menyang ngendi dening Duryudana?
5. Kepriye pambujuke Paman Sengkuni marang Pandhawa?
6. Apa kang nyebabake Pandhawa tetep budhal?

Gladhen 2: Lakon Wayang

Nonton Wayang

Isih sore Bima wis turu. Atine seneng banget sebab dijanjeni bakal diajak nonton wayang. Ing tutupan acara bukak giling pabrik gula, bakal ana pagelaran wayang kulit.

“Bim, le. Ayo tangi!” Bima molet. Alon-alon mripate melek. Jam sewelas wengi Bima digugah Bapake. Bima sakala kelingan yen arep dijak ndeleng wayang. Bima tangi cekekal kesusu arep budhal.

“Heh, kana menyang jedhing dhisik, raup lan wisuh dhisik!”

Tekan ing plataran pabrik gula, jebul wis rame sing padha nonton. Dhalange Ki Manteb Sudarsana. Lakone Laire Gathutkaca. Critane Gathutkaca lair, ari-arine ora kena ditugel. Nganti kabeh kulawargane susah. Bima teka critane wis tekan perange Arjuna karo Buta Cakil. Ngendikane Bapake, perang kembang arane.

Kajaba crita iku, Bima uga tau ndeleng wayang kanthi lakon *Bale Sigala-gala.* Critane yaiku Pandhawa dipaeka dening Kurawa supaya lerem ing alas Waranawata, nanging jebul paleremane ing alas diobong.

Olehe nonton wayang saka mburi kelir. Wah, Ki Manteb Sudarsana sabetane jian apik tenan. Jogedane Buta Cakil kaya tenan-tenana. Ora katon maneh yen iku mung wayang saka kulit sapi. Sigrak kathik iramane ya kepenak. Apamaneh bareng mak gapyuk perang karo Arjuna.

Hmm, Bima ilang ngantuke. Seneng atine, kalipur kaya wayang kulit sing kaya obah-obah dhewe. Ngerti apik kaya ngono, yen ana wayang kulit aku mesthi nonton maneh, batine.

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!

1. Nyapa Bima digugah bapake wayah wengi?
2. Apa lakone wayang kang dideleng wengi kuwi?
3. Kepriye crita ringkese lakon wayang mau?
4. Lakon apa wae kang tau dideleng Bima saliyane lakon ing wengi kuwi?
5. Kepriye crita ringkese lakon wayang kang wis tau dideleng Bima?

Pasinaon 2
Makarya Bebarengan

Ing pasinaon 2 iki para siswa bakal kaajak nemokake unsur instrinsik ing crita wayang lan nemokake pitutur luhure.
Para siswa kudu bisa makarya bareng ing klompok. Ora mung nyinau teks crita wayang wae, nanging uga ngembangake watak ngajeni lan guyub rukun karo kanca. Kabeh anggota ing klompok duwe tugas lan tanggungjawab supaya pasinaon 2 iki bisa klakon kanthi becik.

Teks crita wayang yaiku teks kang isine nyritakake lakon wayang. Lakon wayang kang ana ing Jawa iku sumbere saka *epos* Ramayana lan Mahabarata.

Teks crita wayang iku duwe unsur instrinsik, kaya ta: tema, paraga lan wewatakane, *setting*/latar panggonan, swasana lan wektu, uga amanat utawa pitutur luhur.

Crita wayang Mahabarata nyritakake lelakone Pandhawa lan Kurawa. Pandhawa iku satriya luhur bebudene, lan pantes tinuladha. Dene Kurawa iku watake asor ing budi, ngumbar angkara murka, lan adigang, adigung, lan adiguna.

Crita wayang Ramayana nyritakake lelakon katresnane Rama lan Dewi Sinta. Dasamuka minangka pepalange. Sajrone ngupadi Dewi Sinta kang diculik dening Dasamuka, Prabu Rama dibiyantu dengan Anoman lan bala wanara.

Gladhen 1: Nemokake Unsur Intrinsike Crita Wayang

Wacanen kang setiti crita "Kurawa Kawirangan", banjur wangsulana pitakone!

Kurawa Kawirangan

Paman Yama Widura *was sumelang* penggalihe. Mula sawise Ibu Kunthi lan para Pandhawa budhal menyang Waranawata, enggal utusan Kanana abdi kinasihe. Kanana diutus gawe trowongan. Trowongan mau kudu bisa dadi dalan, samangsa ana kedadean kang mbebayani tumrap Ibu Kunthi lan para Pandhawa.

Ing wektu kang wis ditemtokake, nalika rembulan ndadari sumunar padhang, Kurawa lan Patih Sengkuni nindakake culikane. Purucana diutus ngobong Bale Sigala-gala nalika kabeh padha turu kepati, sauntara Kurawa padha njagani ing sajabane.

Temenan, sedhela bae Bale Sigala-gala dadi geni mangalat-alat. Bale kang digawe saka damar mau mulad-mulad kobar. Hawa panas lan beluk kandel, nangekake para Pandhawa. Bima enggal nggendhong Nakula lan Sadewa. Arjuna golek dalan kanggo uwal saka geni. Puntadewa nggandheng Ibu Kunthi.

Dumadakan ana garangan putih mlebu ing leng kang digawe dening Kanana. Pandhawa lan Ibu Kunthi ngetutake garangan putih mau. Slamet, waras wiris ora nandang apa-apa. Metu saka trowongan wis ana ing sapinggire alas Waranawata. Garangan putih mau ora liya Hyang Antaboga kang nedya mitulungi Dewi Kunthi lan para Pandhawa.

Sauntara Kurawa ngguyu lakak-lakak. Duryudana, Patih Sengkuni, Dursasana, lan adhi-adhine rumangsa marem atine. Seneng bisa nyingkirake Pandhawa selawase. Ora ngerti yen tumindak culikane mau bakal nuwuhake urip sengsara kanggo Kurawa lan Hastinapura.

Wangsulana pitakon-pitakon iki kanthi patitis!

1. Sapa wae paraga ing crita *Kurawa Kawirangan* ing dhuwur?

2. Apa tema crita Kurawa Kawiranganiku?
3. Kepriye wewatakane Duryudana iku?
4. Ing endi latar panggonane?
5. Apa amanat sing bisa dijupuk saka crita *Kurawa Kawirangan*?

Gladhen 2 : Nemokake Pesan Moral Crita Wayang

Golekana pesan moral kang ana ing pethikan crita wayang ing ngisor iki!

....

Ya wiwit dina kuwi aku manggon ana pertapan. Kakang Sumantri banget tresnane marang aku. Dheweke tansah ngladeni sakabehing kabutuhanku. Menyang endi wae aku mesthi dijak. Mula ora jeneng aneh menawa aku uga tresna banget marang Kakang Sumantri. Rasane aku ora bisa pisah karo dheweke. Nanging dina iki, aku kepeksa kudu pisah karo Kakang Sumantri.

1. ____

____

Dina-dina candhake daklakoni kanthi ati kang sepa lan sepi. Aku nyoba nuruti dhawuhi Bapa Begawan. Esuk-esuk aku wis tangi, nyapu latar, ngisi jedhing, lan gawe unjukan kanggo Bapa Begawan. Rada awan sethithik aku semedi lan nyinau kitab Wedha. Yen wis kesel aku leren utawa dolanan karo para cantrik. Aku nyoba nglalekake Kakang Sumantri, kaya dhawuhe Bapa Begawan. Nanging yen wayah bengi, nalika aku ana senthong dhewe, gawang-gawang praupane Kakang Sumantri katon cetha ana angen-angenku. Saya dakcoba ngipatake wewayangan mau, malah sangsaya katon ngalela. Yen wis ngene bisaku mung nangis, nganti aku keturon.

2. ____

____

Nalika aku tekan sapinggiring desa, aku weruh sawijining nom-noman lagi lungguh ijen ana sandhuwure watu ireng. Dheweke katon susah banget. Bola-bali rambute dijambaki dhewe, kaya-kaya lagi nggetuni prastawa sing wis dumadi. Aku mlaku nyedhaki. Sangsaya cedhak sangsaya cetha bleger lan praupane. Ora salah maneh!

"Kakang Sumantri!" panjelihku.

Nom-noman mau katon kaget banjur mengo nyawang aku.

"Adhi Sukrasana".

Aku wis ora sabar maneh, age mlayoni dheweke, banjur gapyuk wong loro padha rerangkulan. Sawise sauntara wektu anggone nyuntak rasa kangen, Kakang Sumantri takon marang aku.

3. ____

____

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri

Sawise sinau bebarengan ing klompok, sabanjure para siswa bakal sinau kanthi mandhiri. Sinau mandhiri iku penting banget sebab kanggo ngukur sepira kabisan lan undhaking kawruh para siswa ing babagan crita wayang iki.

Kang sepisanan para siswa kaajab bisa maca kanthi lafal pocapan uga lagu kang becik. Sabanjure bisa nulis ringkesan crita wayang lan pungkasane bisa nyritakake crita wayang adhedhasar asil ringkesan mau.

Gladhen 1: Maca kanthi Pocapan kang Trep

1. Tirokna kanthi pocapan lan lagu kang trep!

a. Becik ketitik, ala ketara.

b. Pandhawa iku seneng tetulung, lila legawa, pasrah marang Gusti Kang Maha Kawasa.
c. Kurawa iku adigang, adigung, adiguna.
d. “Adhiku Yudhistira,” alus tembunge Duryudana.
e. “Iya, Dhi. Mengko si Puracana kang bakal ngladeni kabeh kebutuhanmu,” kandhane Duryudana.

2. Kutipan ing ngisor iki wacanen kang becik!

“Kanggo ngundhakake kawruhmu, lan bisa cedhak karo kawula cilik, si adhi lelima wis takaturi ameng-ameng, lelana brata.”

“Sampun kuwatos, sampun wonten pesanggrahan endah asri kagem sare Panjenengan lan Ibu Kunthi ing tlatah Waranawata” pambujuke Patih Sengkuni.

Wusana Pandhawa lima lan Ibu Kunthi pamitan marang Eyang Bhisma, Prabu Dhestarastra, lan Paman Yama Widura. Anane mung manut, rila legawa. Awit percaya yen kabeh lelakone manungsa iku wis pinesthi dening Gusti Kang Murbeng Dumadi.

Gladhen 2 : Gawe Ringkesan Crita Wayang

Tatacara gawe ringkesan crita wayang kang becik, yaiku:
1. Ana judhule.
2. Kudu bisa mangsuli pitakon “apa, sapa, nyapa (kena apa), kapan, ing endi, kepriye”.
3. Ana amanat/pitutur luhure.
4. Ditulis kanthi tata tulis ejaan kang bener.

Tuladha Ringkesan Crita:

Apa	:	Bale Sigala-gala
Sapa	:	Yudhistira, Bima, Arjuna, Nakula, Sadewa, Ibu

		Kunthi, Duryudana, Dursasana, Patih Sengkuni, Prabu Dhestarastra, Paman Yama Widura, Puracana, Kanana
Nyapa (kena apa)	:	Pandhawa diobong ing Bale Sigala-gala dening Kurawa
Ing endi	:	Waranawata
Kapan	:	Wengi padhang bulan ing Waranawata
Kepriye	:	Duryudana nggawe Bale Sigala-gala. Pandhawa lan Ibu Kunthi diobong nalika lagi sare ing jero Bale Sigala-gala.
Amanat/ Pitutur luhur	:	Becik ketitik ala ketara. Sapa kang becik, lila legawa bakal oleh pitulungane Gusti

Ringkesaning Crita

Pandhawa lan Ibu Kunthi dikongkon lelana brata dening Duryudana lan Patih Sengkuni menyang Waranawata. Kurawa wis nggawe Bale Sigala-gala kanggo nyingkirake para Pandhawa.

Nalika padha sare, Bale Sigala-gala diobong. Becik ketitik, ala ketara, Pandhawa bisa uwal saka bebaya. Slamet waras-wiris amarga pitulungane Gusti Kang Maha Kawasa.

Crita wayang ing ngisor iki ringkesen kaya tuladha ing dhuwur!



Werkudara, Saya Santosa Nadyan Dipiala

Werkudara ya Bimasena iku muride Bathara Bayu. Nduweni ajian sepi angin, bisa lumampah kang bantere kaya parane angin. Satriya gagah prakosa iki watake kendel tur wani. Tansah

kukuh bakuh mbelani bebener. Swarane gedhe-anteb mrebawani lan ora nate basa marang sapa bae. Werkudara nggunakake basa alus mung marang Dewa Ruci, guru sejatine.

Werkudara tansah mbangun turut dhawuhe Ibu Kunthi lan sesepuh liyane. Setya lan bekti marang Gurune, Resi Durna. Amarga becik bebudene, *kuwat santosa* tur *sekti mandraguna*, Kurawa dadi gething banget lan uga wedi marang Werkudara. Mula saka iku bola-bali Kurawa lan Patih Sengkuni gawe cilakane Werkudara. Kurawa tansah *culika*, kepengin merjaya Werkudara supaya luwih gampang ngalahake Pandhawa. Nadyan *dipiala*, ora malah sengsara nanging kosokbaline, Werkudara tambah *santosa* lair lan batine.

Sawijining wektu nalika Pandhawa lan Kurawa isih padha cilik. Patih Sengkuni gawe *iguh pratikel* culika *julig*. Werkudara diajak nyisih dening Duryudana, banjur diombeni racun. Bareng Werkudara tiba semaput, enggal digotong dening Kurawa, dicemplungake ing sumur Jalatundha. Sumur suwung gawat keliwat-liwat, sebab akeh ula kebak racun. Karepe supaya Werkudara enggal *lampus*.

Ing jero sumur Jalatundha, Werkudara ditulungi Hyang Nagaraja. Naga panguwasa sumur Jalatundha. Ora *diperjaya* nanging malah diparingi elmu lan tamba. Werkudara dadi tawar ing sakehe upas lan racun, diparingi *jejuluk* Bondhan Peksajandhu. Werkudara ora nemoni pati, nanging waluya basuki pikantuk pangayomaning Gusti.

Bausastra

sekti mandraguna (tembung saroja) = sekti banget
kuwat santosa (tembung saroja) = kuwat banget
dipiala = digawe ala, dicilakani
iguh pratikel = nemu cara, gawe akal
culika = jahat, angkara
julig = pinter nanging licik
diperjaya = dipateni
jejuluk = sebutan, aran, jeneng
lampus (tembung kawi) = mati, palastra, seda

Gladhen 3 : Nyritakake Crita Wayang

Ing perangan akhir iki, para siswa bakal gladhen nyritakake crita wayang. Yen ngringkes crita wayang iku kegiatane nulis, yen nyritakake crita wayang mesthi bae micara. Mula saka iku, perlu diweruhi luwih dhisik carane crita kang becik.

Carane crita kang becik ing antarane kaya ing ngisor iki:

a. Swarane

   Nalika crita kudu cetha lafal-pangucapane. Bisa mbedakake swarane aksara da (ꦢ) lan dha (ꦝ), upamane: *Werkudara, Duryudana, Resi Durna* karo tembung *Jalatundha, Pandhawa, Bondhan Peksajandhu.*

b. Lagu-wiramane

   Nalika crita, kudu bisa nggunakake lagu-wirama kang becik. Endhek-dhuwur, banter-lirihe swara iku bisa nyebabake crita dadi narik ati tumrap sing ngrungokake.

c. Solah bawa

   Solah bawa iku obahe awak, jumangkahe sikil, kumlawene tangan, kedhepe mripat, lan owah-owahane praupan nalika crita kudu dicocogake karo isine crita.

Pilihen salah siji crita wayang, sabanjure critakna kang becik adhedhasar ringkesan crita sing wis kokgawe!

UJI KOMPETENSI WULANGAN 7

A. Wangsulana kanthi milih siji wangsulan (a, b, c, utawa d) sing kokanggep paling bener!

Yama Widura was sumelang penggalihe. Mula sawise Ibu Kunthi lan para Pandhawa budhal menyang Waranawata, enggal utusan Kanana abdi kinasihe. Kanana diutus gawe trowongan. Trowongan mau kudu bisa dadi dalan, samangsa ana kedadean kang mbebayani tumrap Ibu Kunthi lan para Pandhawa.

Ing wektu kang wis ditemtokake, nalika rembulan ndadari sumunar padhang, Kurawa lan Patih Sengkuni nindakake culikane. Purucana diutus ngobong Bale Sigala-gala nalika kabeh padha turu kepati. Sauntara Kurawa padha njagani ing sajabane.

Temenan, sedhela bae Bale Sigala-gala dadi geni abang mbranang. Bale kang digawe saka damar mau mulad-mulad kobar. Hawa panas lan beluk kandel, nangekake para Pandhawa. Bima enggal nggendhong Nakula lan Sadewa. Arjuna golek dalan kanggo uwal saka geni. Puntadewa nggandheng Ibu Kunthi.

1. Kutipan crita wayang ing dhuwur judhule yaiku … .
   A. Jagal Abilawa
   B. Bharatayuda
   C. Pandhawa Timbang
   D. Bale Sigala-gala
2. Ing ngisor iki tuladhane lakon wayang, kejaba … .
   A. Jagal Abilawa
   B. Pandhawa Dhadhu
   C. Bale Sigalagala
   D. Pandhawa Culika
3. Dewi Kunthi lan Pandhawa pamit tumuju ing … .
   A. Alas Waranawata
   B. Negara Amarta
   C. Negara Astina
   D. Sumur Jalatundha
4. Kurawa dadi saya licik lan kebak angkara murka amarga pangajake ….
   A. Resi Bhisma
   B. Yama Widura
   C. Patih Sengkuni
   D. Prabu Kresna
5. Bebadan ing PBB kang ngakoni wayang minangka kabudayan luhur warisan donya saka bangsa Indonesia yaiku … .

A. UNICEF
B. ILO
C. WHO
D. UNESCO

6. Satriya Pandhawa iku wewatakane kaya ing ngisor iki, kejaba...
   A. seneng tetulung
   B. tresna asih ing sapepadha
   C. culika, dur angkara
   D. sabar narima
7. Ing ngisor iki tuladhane tembung saroja yaiku ....
   A. atine ana erine
   B. adigang adigung adiguna
   C. lila legawa
   D. becik ketitik, ala ketara
8. Ing ngisor iki sing dudu piranti pagelaran wayang kulit, yaiku ....
   A. kelir
   B. lepek
   C. blencong
   D. cempala
9. Dhek jaman biyen, nonton wayang kulit iku manggone ana ing ....
   A. saburine kelir
   B. sisih kiwane kelir
   C. saburine dhalang
   D. dadi siji karo niyaga
10. Ing ngisor iki kalebu Kurawa 100, kejaba ... .
   A. Duryudana
   B. Dursasana
   C. Yama Widura
   D. Durmagati

B. Jodhokna karo tembung ing sisih tengene!

1. Yama Widura ... penggalihe, kuwatir yen Pandhawa bakal dicilakani dening Kurawa.	a. Resi Durna
2. Ing endi-endi Kurawa iku tansah ..., ora ngajeni marang Pandhawa.	b. alus tembunge
3. Yama Widura paring pepeling supaya Pandhawa ora	c. Hyang Nagaraja
4. ... Duryudana supaya Pandhawa gelem mesanggrah ing alas Waranawata, madhepok ing Bale Sigala-gala	d. garangan putih
5. ... sapa tumindak becik bakal ketitik,	e. was sumelang

sing tumindak ala bakal ketara ing tembe burine.	
6. Pandhawa tansah antuk pitulungane Gusti, amarga becik bebudene lan … ing uripe.	f. abdi kinasih
7. Kanana iku … kang diutus ngawat-awati kahanan ing Bale Sigalagala	g. lila legawa
8. Bareng Bale Sigala-gala kobong, Pandhawa bisa slamet sebab ngetutake …	h. ninggal kaprayitnan
9. Werkudara nate dijegurake ing Sumur Jalatundha, banjur ditulungi dening … lan diparingi peparab Bondhan Peksajandhu sing tawar ing kabeh upas lan racun.	i. becik ketitik, ala ketara
10. Gurune Pandhawa lan Kurawa iku asmane	j. murang tata

C. Coba tabel ing ngisor iki isenana supaya jangkep aran satriyane, pusaka, lan kratone!

No	Jenenge Satriya	Pusakane	Kasatriyane-Negarane
1.	Raden Arjuna	Pasopati	Madukara
2.	Raden Werkudara	Kuku Pancanaka	....
3.	....	....	Dwarawati
4.	....	Kepel Brajadenta	....
5.	....	....	Pancawati
6.	....	Kuntawijaya	....
7.	Prabu Puntadewa	....	....
8.	....	Nanggala	....
9.	Raden Setyaki	....	....
10.	Prabu Salya	....	....

WULANGAN 8

SRAWUNG ING LINGKUNGAN

KOMPETENSI DASAR

3.6 Mengenal, memahami, dan mengidentifikasi *pasangan* aksara Jawa sesuai dengan kaidah.

INDIKATOR

3.6.1 Menjelaskan pengertian *pasangan* aksara Jawa.
3.6.2 Mengidentifikasi *pasangan* aksara Jawa.
3.6.3 Mengklasifikasikan tata cara penulisan *pasangan* aksara Jawa.

KOMPETENSI DASAR

4.6 Menulis dan membaca teks sederhana beraksara Jawa yang menggunakan pasangan


INDIKATOR

4.6.1 Menulis teks sederhana beraksara Jawa yang menggunakan pasangan.
4.6.2 Membaca teks sederhana beraksara Jawa yang menggunakan pasangan.

Mbabar Wawasan



Gambar: 8.1



Gambar 8.2

Aksara Jawa Pasangan

Ing wulangan kang wis kapungkur, bocah-bocah wis nyinaoni wujude aksara Jawa. Manut wujude aksara Jawa ana kang diarani aksara legena, sandhangan, lan pasangan.

Setitekna gambar 8.1 lan 8.2


Ing saben gambar ana katrangan nganggo aksara Jawa.

1. Apa bocah-bocah isih kelingan kang diarani aksara Jawa Legena?
2. Aksara Jawa ing gambar 8.1 yen ditulis Latin yaiku....
3. Akasara Jawa ing gambar 8.2 yen ditulis Latin yaiku....
4. Kepriye sikapmu yen weruh wacan nganggo aksara Jawa?
5. Yen bocah-bocah diutus nulis nganggo aksara Jawa apa kangelan?

Pasinaon 1
Modhel Teks Pinilih

Ing pasinaon iki bakal ngrembug bab aksara Jawa pasangan. Aksara Jawa pasangan dirembug kanthi tema "Srawung ing Lingkungan". Kanthi nyinaoni tema iki supaya bocah-bocah bisa nerangake pangertene aksara Jawa pasangan, ngidhentifikasi, lan nglasifikasi. Sabanjure kanthi sinau klompok bocah-bocah nulis teks aksara Jawa kang prasaja. Kanthi mandhiri bocah-bocah bisa maca teks mawa aksara Jawa kanthi lancar supaya weruh isine.

Setitekna tuladha teks ing ngisor iki!



Aksara Jawa Pasangan

kanggo nulis aksara kang manggon ing mburine aksara sigeg. Kajaba sigeg: ra, nga, ha amarga katelune wis duwe sandhangan

sigeg ra=layar (....), sigeg

nga=cecak (....) lan sigeg

ha= wignyan (....)

Wujude Pasangan

Utuh:

Tugel ngarep :

Tugel mburi:

Tugel sebagean:

Wujud dhewe:

Wujud lan Panulise Aksara Pasangan

1. Pasangan kang wujude utuh, katulis ing ngisor aksara kang dipasangi

Tuladha: (......, ..., ...)

No.	Pasangan	Tuladha		
1	.....	dakramut	pak Raden	Masrur
2	.....	dakgawa	dakgoreng	dakgiring
3	.....	pak Yani	dhik Yeti	mas Yudi

2. Pasangan kang wujude tugel, ditulis ing dhuwur, jejer karo aksara kang dipasangi:(......,......,......)

Tuladha:

No.	Pasangan	Tuladha		
1	......	dakajar	kokulur	dakiring
2	......	Mansur	maksud	taksih

3	[illegible]	pulpen	kalpika	ampil

3. Pasangan kang wujude tugel mburi, ditulis ing ngisor aksara paten:

No.	Pasangan	Tuladha		
1	[illegible]	kulkas	masku	baskom
2	[illegible]	manteb	nganti	Mastur
3	[illegible]	dhik Lala	gak lali	pak lurah

4. Pasangan wujude tugel, ditulis ing ngisore aksara kang dipasangi:

No.	Pasangan	Tuladha		
1	[illegible]	gondhel	gandhul	gondhong
2	[illegible]	kalbu	jeruk bali	simbah

3		kanthi	genthong	ngonthel

5. Pasangan kang wujude beda karo asline, manggon ing ngisor bisa gandheng utawa ora:

No.	Pasangan	Tuladha		
1		musna	Kusnul	Yitna
2		thok cer	mak ces	wis cukup
3		tandang	gendul	mandi
4		wis wijik	mangan wajik	pak Wita
5		pak Jani	kok jak	dakjupuk
6		sik nyapu	wis nyoba	mak nyus

7	.....꧀ꦩ	ꦮꦶꦱ꧀ꦩ wisma	ꦥꦢ꧀ꦩ padma	ꦧꦏ꧀ꦩꦶ bakmi

Gladhen 1: Sesurupan Bab Teks Aksara Pasangan

1. Apa kang diarani pasangan ing aksara Jawa?
2. Sebutna pasangan kang wujude wutuh!
3. Sebutna pasangan kang wujude tugel bagean ngarep!
4. Sebutna pasangan kang wujude tugel bagean mburi!
5. Sebutna pasangan kang wujude ora kaya aksara asline!
6. Sebutna pasangan kang kudu ditulis ing jejere aksara sigeg!
7. Sebutna pasangan kang kudu ditulis ing ngisor aksara sigeg!

Gladhen 2 : Ngidhentifikasi Panulise Aksara Sigeg

Pasangna tembung ing kothak kiwa lan tembung ing kothak tengen kaya tuladha!

ꦲꦱ꧀ꦥꦭ꧀ →	meksa
ꦢꦏ꧀ꦏꦶꦫꦶꦱ꧀	sesuk lali
ꦏꦸꦤ꧀ꦛꦶ	aspal
ꦱꦸꦱꦸꦏ꧀ꦭꦭꦶ	kunthi
ꦩꦺꦏ꧀ꦱ	dakbal
ꦢꦏ꧀ꦧꦭ꧀	dakiris

Gladhen 3 : Niteni Panulise Aksara Sigeg

Pilihen B yen pranyatane bener lan S yen pranyatane salah!

1. Panulise tembung <u>rondhe</u> yaiku ꦫꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺ	B – S
2. Panulise tembung <u>santun</u> yaiku ꦱꦤ꧀ꦠꦸꦤ꧀	B – S
3. Panulise tembung <u>ngambang</u> sing bener ꦔꦩ꧀ꦧꦁ	B – S
4. Panulise tembung <u>kondur</u> yaiku ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦢꦸꦂ	B – S
5. Panulise tembung <u>dakgiling</u> sing bener ꦢꦏ꧀ꦒꦶꦭꦶꦁ	B – S

Pasinaon 2
Makarya Bebarengan

Ing pasinaon iki bocah-bocah diajak sinau teks wacan nganggo aksara Jawa. Kanthi sinau bebarengan, bocah-bocah dijak nggoleki tembung-tembung kang ditulis nganggo aksara pasangan.

Gladhen 1: Maca Teks Wacan Aksara Jawa

Wacanen teks ing ngisor iki kanthi seru!

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

Gladhen 2 : Niti Teks Wacan Aksara Jawa

Tabel ing ngisor iki jangkepana karo kancamu saklompok!

No.	Aksara Jawa	Aksara Latin
1	[illegible]	
2	[illegible]	
3	[illegible]	
4	[illegible]	
5	[illegible]	
6	[illegible]	

7	[illegible]	
8	[illegible]	
9	[illegible]	
10	[illegible]	

Gladhen 3 : Ninthingi Isine Wacan

Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki karo kancamu saklompok!

1. Apa judhule wacan ing dhuwur?
2. Sapa sing budhal sekolah rada esuk?
3. Dina Sabtu iku bocah-bocah nggawa apa?
4. Geneya dina Sabtu iki ora kaya Sabtu liyane?
5. Kajaba ana Sabtu bersih ana dina Sabtu apa wae?
6. Sebutna tanduran kang ana ing sekolahane Rini!

Pasinaon 3
Makarya Mandhiri: Nulis Teks Aksara Jawa

Ing pasinaon iki bocah-bocah diajak ajar nulis aksara Jawa mandhiri. Kanthi seneng para siswa ajar nulis aksara Jawa mawa pasangan.

Gladhen 1 : Nulis Aksara Jawa mawa Pasangan

Golekane pasangane tembung ing kothak A lan tembung ing kothak B!

A	B
1. Dodol roti	A. ꦩꦱ꧀ꦪꦢꦶ
2. Mas Yadi	B. [illegible]
3. Pak Rubi	C. [illegible]
4. dakgulung	D. ꦢꦏ꧀ꦒꦸꦭꦸꦁ
5. Wis yakin	E. ꦥꦏ꧀ꦫꦸꦧꦶ
	F. ꦮꦶꦱ꧀ꦪꦏꦶꦤ꧀

Gladhen 2: Nulis Aksara Jawa Mawa Pasangan Tugel Ngarep

Tembung-tembung ing ngisor iki tulisen aksara Jawa!

1. Mas Ali
2. Pak Adi
3. Pak Sabar
4. daksilih
5. kokpijet

Gladhen 3 : Nulis Aksara Jawa mawa Pasangan Tugel Mburi

Tembung-tembung ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Pak Kardi =...
2. Dakkirim =...
3. Wis teka =...
4. Mas Tiko =...
5. Bapak lunga =...

Gladhen 4 : Nulis Aksara Jawa mawa Pasangan Tugel Ngarep-Mburi

Pilihen B yen pranyatane bener lan S yen salah!

1. Mas dhidhik, yen ditulis Jawa	B – S
2. Mangan dhuku, yen ditulis aksara Jawa	B - S
3. Dakthuthuk, yen ditulis aksara Jawa	B - S
4. Kenthang, yen ditulis aksara Jawa	B - S
5. Wis bali, yen ditulis aksara Jawa	B - S
6. Budhal baris, yen ditulis aksara Jawa	B - S

Gladhen 5 : Nulis Aksara Jawa Mawa Pasangan kang Duwe wujud Dhewe

Cocogna tembung-tembung kang katulis aksara Jawa karo Latine!

1. [illegible]	A. Obat nyamuk
2. [illegible]	B. Rujak nanas
3. [illegible]	C. Mangan jenang
4. [illegible]	D. Mangan cenil
5. [illegible]	E. Dodol dadar
6. [illegible]	F. Golek iwak
	G. Golek wader
	H. Nyuwek janur

UJI KOMPETENSI WULANGAN 8

A. Pilihen aksara B yen pranyatan ing ngisor iki koanggep bener lan S yen koanggep salah!

1. [illegible] = bal bunder	B – S
2. [illegible] = midak suket teki	B – S
3. [illegible] = kaos ijo	B – S
4. [illegible] = kalebu pasangan kang wujude wutuh	B – S
5. [illegible] = pasangan kang manggon ing ngisor	B - S

B. Golekana gandhengane, supaya mathuk!

1. [illegible]	a. nyuwek janur
2. [illegible]	b. golek wader
3. [illegible]	c. mangan cenil
4. [illegible]	d. dodol dadar
5. [illegible]	e. obat nyamuk

C. Wacan ing ngisor iki jangkepana kanthi tembung kang sumadya!

Ing dina minggu para ... nganakake ... .Ana sing nggawa pacul, ... lan cikrak. Sing digarap yaiku dalan ... ing cedhak ... .Kabeh padha ... nyambut gawe.

ꦮꦂꦒ	ꦲꦫꦶꦠ꧀
ꦒꦤꦭꦱ	ꦱꦼꦏꦸꦭ꧀
ꦱꦮꦃ	ꦒꦸꦒꦸꦂꦒꦸꦤꦸꦁ

D. Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Dhoran pacul
2. Garan arit
3. Untu garu
4. Galengan sawah
5. Damen pari

E. Tembang ing ngisor iki salinen nganggo aksara Latin!

꧋ ꦥꦸꦕꦸꦁ ꧉

꧋ ꦧꦥꦏ꧀ꦥꦸꦕꦸꦁ ꦢꦸꦢꦸꦮꦠꦸꦢꦸꦢꦸꦒꦸꦤꦸꦁ꧈

ꦱꦧꦩꦸꦲꦶꦁꦱꦼꦤ꧀ꦝꦁ꧈

ꦥꦼꦚ꧀ꦕꦺꦴꦏꦤ꧀ꦩꦸ ꦭꦩ꧀ꦧꦸꦁꦏꦺꦫꦶꦁ꧈

ꦥꦿꦥ꧀ꦠꦺꦁꦮꦶꦱ꧀ꦩꦱꦶꦥꦸꦕꦸꦁꦩꦸꦠꦃꦒꦸꦮꦪ꧉

Uji Kompetensi Semester Genap

A. Pilihen siji wangsulan sing paling bener!

Kutipan wacan ing ngisor iki wacanen kanthi setiti!

....

Sawah ing desaku isih jembar bawera. Galengan kang mbatesi kedhokan siji lan kedhokan liyane kaya klogete ula naga. Sesawangane nyata katon endah sinawang mata. Tandurane ijo royo-royo. Kali-kali isih megung tur bening. Kumricike banyu kang mili nyandhung krikil-krikil cilik. Swarane keprungu kaya iringan musik. Saben dina para tani ngrasa ayem. Ngirit kebo lan sapine saperlu nggaru lan mluku.

1. Sawah ing desaku isih jembar bawera. Tembung jembar bawera tegese ....
   A. amba banget
   B. ciyut
   C. subur
   D. ngrejekeni
2. Dalan kang mbatesi antarane kedhokan siji lan sijine diarani ....
   A. ilir
   B. galengan
   C. kali
   D. waderan
3. Swara kang keprungu kaya swarane musik ing wacan kasebut yaiku ....
   A. banyu udan
   B. banyu kali
   C. banyu sawah
   D. banyu segara
4. Kebo lan sapi ing karang padesan digunakake kanggo ....
   A. olah tetanen

B. lomba
C. kontes
D. nggaru lan mluku

5. Salah sijine titikane teks dheskripsi ....
   A. nggambarake kedadean kanthi cetha.
   B. pamaca ora bisa nggambarake kedadean.
   C. kabeh kedadean diurut kanthi urutan wektu.
   D. pamaca ora bisa ngrasakake utawa ngangen-angen kedadean kang ana.
10. Saben liwat, tanduran sinawang ijo ....
   A. memplak
   B. royo-royo
   C. mbranang
   D. gadhing
11. Gancaran kang isine njlentrehake kedadean kanthi urutan wektu diarani teks gancaran ....
   A. dheskripsi
   B. eksposisi
   C. narasi
   D . eksposisi
12. Bapak lunga menyang Surabaya. Basa krama aluse yaiku ... .
   A. Bapak kesah ajeng teng Surabaya.
   B. Bapak tindak teng Surabaya.
   C. Bapak tindak dhateng Surabaya.
   D. Bapak ajeng dhateng Surabaya.
13. Yen mulih, mengko tukokna buku! Basa krama aluse yaiku ... .
   A. Yen kondur, mengko pundhutna buku!
   B. Yen kondur, mangke Panjenengan pundhutaken buku!
   C. Yen mantuk, ngkin Sampeyan tumbaske buku!
   D. Yen wangsul, mangke Sampeyan tumbasaken buku!
14. Ing ngisor iki tuladhane lakon wayang, kejaba … .
   A. Jagal Abilawa
   B. Bale Sigala-gala
   C. Pandhawa Dhadhu
   D. Pandhawa Culika
15. Kurawa dadi saya licik lan kebak angkara amarga pangajake …
   A. Resi Bhisma

B. Patih Sengkuni
C. Yama Widura
D. Prabu Kresna

16. Satriya Pandhawa iku wewatakane kaya ing ngisor iki, kejaba…
A. seneng tetulung
B. tresna asih ing sapepadha
C. ulika, dur angkara
D. sabar narima

Kanggo soal nomer 17-20, wacanen kang setiti wacan ing ngisor iki!

[illegible]

17. Manut wacan ing dhuwur sekolahanku iku klebu sekolah ....
A. Adiwiyata
B. UKS
C. Widya Pakarti
D. Pembina

18. Saben dina ... ing sekolahanku dianakake gugur gunung.
A. Senen
B. Jumuah
C. Kemis
D. Sabtu

19. Kanggo njaga karesikan lan lestarine lingkungan bocah-bocah diajari ....
A. Resik pribadi
B. Ilmu IPA
C. Ilmu lingkungan
D. Njaga karesikan

20. [illegible] ukara kasebut manawa ditulis Latin unine ....
A. resik-resik lingkungan sekolah
B. reresik lingkungan sekolah

C. reresika lingkungan sekolah
D. resik-resik lingkungan sekolahan

B. Wangsulana kang patitis!

1. Sebutna Pandhawa Lima iku sapa bae?
2. Salinana dadi basa krama alus!
   a. Gelem nulis aksara Jawa padha karo nguri-uri budaya Jawa.
   b. Ayo padha seneng marang gamelan lan wayang.
3. Tulisen nganggo aksara Jawa!
   a. Pelem gadhung rasane legi.
   b. Bandi angon sapi.

Daftar Pustaka

Abikusna, 1996. *Widya Basa*. Surabaya: Ekspres

Atmodjo, S. Prawira, 1996. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan Djojo Bojo.

Basuki, Widodo. 2004. *Medhitasi Alang-Alang KumpulanGeguritan*. Sidoarjo: Sanggar Zuhra Gupita

Jatirahayu, Warih dan Margono Notopertomo. *Pakartitama:Wayang Sebagai Sumber Pendidikan Budi Pekerti.* Klaten: CV Sahabat.

Tim. 1948. *Karti Basa*. Jakarta: Kementerian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan.

Kementrian Pendidikan Nasional. 2011. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Bahasa

Mangunsuwito, S.A. 2002.*Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia.* Bandung: CV. YramaWidya.

Mardimin, Yohanes. 1987. *Sekitar Tembang Macapat*. Sala: Satya Watjana.

Ngafenan, Mohammad. 1995. *Paribasan, Bebasan, lan Saloka.* Solo: CV Aneka.

Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S, 1982. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

______ 1953. *Ngerengan Kasusastra Djawa.* Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia:J.B. Wolter

Prawirodihardjo, S. 1980. *Burat Sari*. Surabaya: CV Citra Jaya.

PT. Pancaran Semangat Jaya. 1997. *Kalawarti Minggon Basa Jawa Panjebar Semangat*. Surabaya: PT. Percetakan Panyebar Semangat.

Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Budaya Jawa:Rekonstruksi Normatif Idhealistis.* Malang: Aditya Media Publishing.

Sasangka Sry Tjatur Wisnu. 2011. *Bunyi-bunyi Distingtif Bahasa Jawa.*Yogyakarta: Elmatera Publishing.

______ 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa.* Jakarta :Yayasan Paramadina.

______ 2010. *Unggah-Ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

Sawali. 2005. *Bahasa dan Sastra Indonesia untuk SMP/MTs Kelas VIII*. Yogyakarta: PT Citra Parama Aji.

Sudaryanto (ed). 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto & Pranowo (ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa.* Yogyakarta: badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Sulchan. 1991. *Serial Protokoler Contoh Praktis Pembawa Acara dan Pidato.* Surabaya: Mekar.

Suwardi. 1983. *Warisan Geguritan Macapat*. Jakarta: PN. Balai Pustaka.

Warsito, S. Mardi. 1978. *Kamus Jawa Kuna (Kawi) – Indonesia*. Ende Flores: Nusa Indah.

https://www.bing.com/images/search?q=kebun+bunga+batu&FORM=HDRSC2
https://www.bing.com/images/search?q=pantai+klayar+pacitan+jawa+timur&view=detailv2&&id=1A1A5764C0AEE4BA824CA9A5ACFEE414D5328FEE&selectedIndex=13&ccid=SS0RDyYh&simid=607990731103734974&thid=OIP.M492d110f262175a1a6080212afe070efo0&ajaxhist=0
https://www.bing.com/images/search?q=bukit+jamur+gresik&view=detailv2&&id=71D1EF458FAF8A321E49831C3894950C0CC0FFB3&selectedIndex=24&ccid=IT9J361h&simid=608006738455431889&thid=OIP.M213f49dfad61e9ace16c43d7ce63d282o0&ajaxhist=0

CATATAN

CATATAN

CATATAN

CATATAN

CATATAN